


ZA 123

# Kasoesastran Soenda

II



AJIP ROSIDI

232

5






# KASOESASTRAN SOENDA

II

TJITAKAN KA IV

	<b>PERPUSTAKAAN AJIP ROSIDI</b> PUSAT STUDI SUNDA
Tanggal	: 6 / 7 / 2015
No. Inventaris	: 03078
No. Panggil	: 899.2216 / IK
Subjek	: K. Sasstraan
Asal dari	: DSS
Sifat	: 4 / B / T

MILIK KEMENTERIAN P. D. K.  
TIDAK DIDUAL KEPADA UMUM.



BALE POESTAKA  
DJAKARTA

1949



ДИОСК ДИДИНЪТЪ КЕБЪДЪ ПУММЪ  
ДИОСК КЕМАЕУАТЕРИВЪ Б. Б. К.

B. P. N o. 156  
HAK NOE NGARANG  
DITANGTAJOENGAN  
KOE OENDANG



## EUSINA

	Katja
A. Djaman Hindoe .....	3
B. Djaman Islam .....	37
C. Djaman Islam (sanggeus keuna koe pangaroeh Mataram) .....	49
D. Djaman kaajeunakeun (sanggeus keuna koe pangaroeh Koelon) .....	72



## B A B A R A N

### KASOESASTRAN SOENDA.

Dina *Kasoestastran Soenda* djilid ka I, geus kapintonkeun babaranana anoe netelakeun, naon ari noe disēboet kasoestastran, naon saroepa-roepana babagianana djeung naon maksoedna, oerang ngoelik kasoestastran.

Ajeuna ngan kari nitenan, koemaha *pasipatanana* djeung koemaha *djēnglenganana* *Kasoestastran Soenda* ti mimiti alam boehoen nēpi ka djaman ajeuna. Ieu teh lain pērvara loemajan, da poegoeh koedoe ditjoektjroek toetoeranana, dipapaj raratanana, ditaloengtik oenak-anikna noe bisa dipake bahan geusan katērangana; mangkaning sarat-saratna anoe ditataan bieu teh, hēnteu salieuk beh. Koe sabab eta, dina mintonkeun katērangana-katērangana oge, moal bisa sampoerna.

Lamoen koe oerang dipasing-pasing, *Kasoestastran Soenda* teh beunang didjieun djadi sababaraha bagian, noeroetkeun *djamanna*.

- A. *Djaman Hindoe*, samemeh gēlar Islam.
  - B. *Djaman Islam*.
  - C. *Djaman Islam*, sanggeus keuna koe pangaroeh Mataram.
  - D. *Djaman kaajeunakeun*, sanggeus keuna koe pangaroeh koelon.
-



## A. DJAMAN HINDOE.

Samemeh nindak kana *Kasoestran*, taja halanganana (malah leuwih hade), lamoen oerang nitenan heula kaajaan djaman harita. Djaman Hindoe teh beunang dipasing-pasing djadi tiloe alam:

a. *Alam Taroemanagara.*

b. *Alam Galoeh.*

c. *Alam Padjadjaran.*

### a. ALAM TAROEMANAGARA.

Kira-kira taoen 400 di Djawa-Koelon aja karadjaan *Taroemana-gara*, pernahna deukeut Bogor. Ari noe djoemēnēng radja kakasihna Poernawarman (radja *Çri Pārṇavarmman*).

*Kasoestran Soenda* harita tatjan katjatoer.

Tina hal karadjaan Taroemanagara djeung radja Poernawarman, aja oge katērananana saeutik-eutikeun, noe kapanggih dina batoe-batoe, basana basa *Sanskrit*, aksarana aksara Pallawa, nja eta aksara anoe di tanah Hindoe-Kidoel dina taoen 400.

Geura ieu sakalieun tjontona:

*Batoe-toelis* anoe kapanggih ti waloengan Tjiaroetēn deukeut Bogor, toelisanana basa *Sanskrit*, anoe oengēlna:

Vikrāntasyavanipateh  
Çrimatah Pūrṇavarmmanah  
Tārūma-nagarendrasya  
Viṣṇor iva padadvayam.

Pihartieunana: Ieu tapak dampal sampean sapasang, anoe tjara sampean dewa Wisnoe, nja eta sampeanana noe maha-moelja Poernawarman, radja di nagara Taroema, radja gagah toer gēde wawanen di alam doenja.



Aja deui *batoe-toelis* anoe djadi katĕrangan radja Poernawarman teh, noe hidji maksoedna teu djaoeh djeung noe geus disĕboetkeun bieu, noe hidji deui nja meh kitoe keneh bae, ngan bedana teh, doemeh aja tapak soekoe gadjah kagoengan radja Poernawarman.

Salian ti eta, aja deui *batoe-toelis*, anoe nĕrangkeun kaajaan dina djaman radja Poernawarman. Eta batoe kapanggihna di desa Toegoe deukeut Tandjoeng-Prioek, ari ajeuna disimpĕn di Gĕdong Gadjah di Djakarta.

Dina *batoe-toelis* anoe kasĕboet bieu oge, toelisanana teh koe basa Sanskrit, ari oengĕlna sapĕrti di handap ieu:

Purā rājādhirājena guruṇā pīṇabāhunā khātā  
 khyātām purim prāpya Candrabhāgārṇṇavam yayau,  
 pravarddhamāna dvaviṇṇad — vatsare  
 ccaitraçukia-trayodaçyām dinais seddhaikaviṇṇakaih  
 āyatā ṣaṭsahasreṇa uhanuṣām sagatena ca  
 narendradhvajabhūtena Çrīmatā Pūrṇṇavarmmanā.  
 prārabhya Phālgune māse khātā kṛṣṇāṣṭamĕtithau  
 āyatā sahasrena  
 dvāviṇṇena nadī ramya Gomati nirmalodakā.  
 pitāmahasya rājarṣer vvidārya çibirāvanim  
 brāhmaṇair ggo-sahasreṇa prayākti kṛtadaksinā.

P i h a r t i e u n a n a :

Baheula (waloengan anoe, ngaranna) Candrabhagā geus dikali koe radja anoe moelja sarta noe kagoengan panangan rikat toer koeat, (nja eta radja Poernawarman), soepaja sina tĕroes ngotjor ka laoet, sanggeus (eta waloengan) nĕpi ka kraton karadjaan anoe ka-kontjara.

Dina ka 22-taoenna radja Poernawarman anoe moelja ngasta karadjaan gĕmah rahardja, koe lantaran kapintĕranana djeung kabinangkitanana sarta djadi panoengtoen radja-radja anoe lian, ..... andjeunna miwarang deui ngali solokan anoe aloes sarta tjaina tjanembrang herang. ngaranna Gomati, sanggeus eta solokan ngotjor di tĕ-



ngah-těngah tanah pakoewon sang pandita anoe moelja, ejang sang radja Poernawarman. Ngali solokan teh mimitina dipigawe dina poë noe moestari, tanggal 8 paro-pětěng boelan Phalguna sarta rengsena tanggal 13 paro-těrang boelan Caira, djadi ngan 21 poë, mangkaning pandjangna eta solokan teh 6122 toembak ( $\pm 11$  km).

Hadjat salamětanana didjalankeun koe para brahmana anoe ngahadiahkeun sapi (lobana) 1000.

Katěranan *paro-pětěng* djeung *paro-těrang*:

Djaman baheula, saban-saban boelan teh dibagi doea, nja eta *paro-těrang* (*ouklapaksa*), ti mimiti boelan tembong (tanggal 1) něpi ka tanggal 15. Ti tanggal 16 něpi ka panoetoeplan boelan disěboetna *paro-pětěng*. Nja ti tanggal 16 tea ngamimitianana ngitoeng deui tanggal 1 teh, lilana něpi ka tanggal 1 *paro-těrang*. Djadi tanggal 8 *paro-pětěng* teh moen ajeuna mah saroea bae djeung tanggal 23.

Nilik oengělna toelisan dina batoe-toelis anoe kasěboet di loehoer, oerang bisa nangenan, jen radja Poernawarman teh lila djoemě-něngna radja, sakoerang-koerangna 22 taoen. Eta djadi tanda, jen soempingna ka dieu teh lain rek ngandjang sakeudeung, tapi maksoedna rek ngaboeniaga.

Koe lantaran eta geus moal boa, tangtoe andjeunna teh kagoengan těmpat pangtjalikan (pakoewon) koe andjeun, koema biasa anoe boemen-boemen. Djaba ti eta, kagoengan kantja-kantja karadjaan deuih.

Naha kantja-kantjana teh kabeh oerang Hindoe, naha paranakan Hindoe atawa beuti pamělaran priboemi?

Geusan ngadjawab pananja anoe bieu, oerang pěrloe njoektjroek heula katěrananana.

Nilik bangoenna aksara anoe kapanggih dina batoe-toelis tea, anoe sakitoe rapihna toer pohara aloesna, sarta basana basa Sanskrit anoe beunang disěboetkeun masih keneh toelen, ..... oerang bisa nětěpkeun, jen radja Poernawarman teh kagoengan ponggawa (— kantja-kantjana tea —) wědalan Hindoestan. Ari lobana bangsa Hindoe anoe harita tjaritjing di eta těmpat, teu bisa kanjahoan bilanganana, lantaran taja katěrananana anoe njatjas.



Kira-kira dina djaman anoe kasēboet tadi, aja dongeng ti bangsa asing, anoe ngaranna *Fa-hien*, nja eta bangsa Tionghoa, anoe agamana agama *Boeda* (Buddha Skr.).

Fa-hien teh indit ti nagara Tiongkok ka tanah Hindoe, maksoed-na rek djarah ka tēmpat-tēmpat karamat noeroetkeun agama Boeda.

Dina taoen 414 (taoen Masehi), Fa-hien rek moelang ka nagarana, toempak kapal-dagang ti Selong (Ceylon). Di tēngah laoetan kapalna kataradjang toenggara, nja katambias ka tanah Djawa. Anoe dimaksoed tanah Djawa bieu teh, kawasna bae, *Djawa-Koelon* (Pasoendan).

Noeroetkeun katērangana, di nagara anoe didatangan koe Fa-hien teh, loba bangsa brahmana (bangsa Hindoe tea kitoe?), anoe ngadjalankeun agama koerang hade. Ari anoe agamana agama Boeda mah tjara Fa-hien, harita teh meh teu aja.

Sanggeus ngēndēk 5 boelan, tēroes Fa-hien moelang ka nagarana, toempak kapal sedjen.

Noeroetkeun dongeng ti Fa-hien tea, di tēmpat anoe kasēboet tadi teh, aja bangsa brahmana wēdalan Hindoestan. Djadi koe oerang beunang dikira-kira, jen harita di eta tēmpat teh aja doea golongan rajat: sagolongan bangsa Hindoe, sagolongan deui bangsa priboemi asli.

Noeroetkeun oengēlna batoe-toelis anoe ti desa Toegoe, aja oge katērangana-katērangana — nadjan teu pati etjes — anoe netelakeun, jen harita bangsa Hindoe djeung bangsa priboemi teh geus bisa digawe babarēngan, boektina nēpi ka doea kali maranehna babarēngan digarawe, ngali solokan. Eta djadi tanda, jen harita *tata-nagara* geus diatoer, djělēma-djělēma geus baroga *padoemoekan anoe tētēp*. Njieun solokan teh goenana moal boa, tangtoe geusan kapērloean oerang rea, oepamana bae ngotjoran sawah-sawah atawa pikeun panoelak bandjir.

Nilik katērangana-katērangana anoe ditataan bieu, oerang bisa oge ngira-ngira, jen Sang Radja Poernawarman teh harita rajatna geus kaitoeng rada madjoe. Tapi nadjan kitoe, sabadana karadjaan Poernawarman, hal nagarana djeung rajatna teh plēng lēbēng, taja bedjana deui.

.....



Sabadana karadjaan Poernawarman, poeseur ka-Hindoean di poelo Djawa teh, pindah ti Djawa-Koelon ka Djawa-Těngah. Koe-maha djeung naon lantaranana noe matak kitoe, teu bisa njaho ěnja, koe sabab taja katěrananana. Ngan aja katěranan dina batoe-toelis anoe kapanggih di soekoe goenoeng Měrbaboe beulah koelon, di desa Dakawoe, kawadanan Grabag. Bangoenna aksarana eta toelisan masih keneh bangoen toelisan Pallawa, tapi rada leuwih ngora manan toelisan sang Poernawarman. Koe kira-kira, bangoen aksara anoe saroeapa kitoe teh, toelisan model taoen 500 taoen Masehi. Basana masih basa Sanskrit, ari oengělna eta toelisan noeroet-keun aksara-aksara anoe beunang keneh dibatja, nja eta:

..... uęcy amburuhâbujaâ  
 kvacic chilâvâlukanirggateyan  
 kvacit prakirnnâ ģubhacitatoyâ  
 samprasŗta ..... (2) va gangâ

Eta omongan anoe geus teu samģoerna teh hartina kieu:

„(Tjinjoesoe) anoe tjaina ngagěnjias herang sarta tiis, aja noe kaloea tina batoe atawa keusik lěmboet, ngotjor ka těmpat anoe rea kěmbang toendjoengna noe barodas, sarta těroes tjoer-tjor ka mana-měndi. Sanggeus djadi hidji, těroes ngotjor ..... sapěrti waloengan Ganggâ”.

Lian ti toelisan, dina batoe-toelis anoe kasěboet tadi teh, aja gambar-gambar pakakas anoe dipake dina kaagamaan, sapěrti: *trisoela* (sabangsa tjis tjabang tiloe), *kěndi*, *kampak*, *salompret* (tarompét), *kiong* (sabangsa tarompét anoe bangoenna tjara keong) djeung salianna. Djaba ti eta aja gambar *roda* deuih djeung *kěmbang toendjoeng anoe měkar*.

Nilik tanda-tandana anoe ditataan bieu, nadjian hěnteu sakoemaha etjesna, oerang bisa nětěpkeun, jen anoe njieun eta toelisan djeung gambar-gambar teh, lain oerang Hindoe anoe agamana agama Boeda.

.....  
 Katěranan-katěranan anoe patali djeung radja Poernawarman, moal pandjang-pandjang dipědar di dieu, da apan lain rek mědar



sadjarah, tapi rek njoektjroek *Kasoestastran Soenda*, koemaha pasipatanana ti mimiti djaman boehoer nēpi ka djaman ajeuna.

Ti heula geus ditjaritakeun, jen djaman harita teh *Kasoestastran Soenda* mah tatjan ngalalakon.

Ajeuna oerang nitenan djaman sapandeurieunana, nja eta sabadana karadjaan *Tarūma-nagara*.

### b. ALAM GALOEK.

Nēpi ka taoen 1030, radja di Djawa-Koelon teu katjatoer-tjatoer. Dina taoen ± 1030, di Djawa-Koelon aja karadjaan *Soenda*; ari radjana wawangina *Sri Djajaboepati*.

Dina alam karadjaan *Soenda*, *Kasoestastran Soenda* mah tatjan katjatoer keneh bae.

Noeroetkeun tjarita Tionghoa, karadjaan *Soenda* teh harita geus ngabogaan palaboean. Bangsa priboemi geus aroesaha ngagarap tanah. Hal ieu moal boa, tangtoe djadi salah sahidji bahan, anoe djadi pangdeudeul geusan karahardjaan nagara.

Patilasan djaman harita teh, aja deui anoe kapanggih di wēwēngkon Tjirēbon, pērnahna beulah kidoel-wetan; di Koeningan oepamana, aja patilasan pandita anoe aja balongan. Lian ti eta, di G. Padang, antara Tasikmalaja djeung Tjiamis. Di dinja aja patilasan patapan *Ratoe Poesaka*, anoe dina tjarita-tjarita kakontjara djēnēnganana, nja eta *Adjar Soeka Rēsi*; nja andjeunna anoe ngadēgkeun dajeh Galoeh sarta ngaroendajkeun toeroenan, anoe ngēreh nagara Galoeh.

Dina taoen ± 1030, ngadēg karadjaan Hindoe di *Galoeh*; ratoe Galoeh anoe kawistara, djēnēnganana *Wastoekantjana*.

Toelisan anoe kapaanggih dina batoe-toelis di Kawali, netelakeun, jen *Wastoekantjana* teh ngaloes-ngaloes karatonna sarta miwarang ngali solokan djeung ngabasmi moesoeh-moesoeh.

Poetoe ratoe *Wastoekantjana* anoe kagoernita, djēnēnganana *Praboe Maharadja*, sok disēboet oge *Ratoe Dewata* atawa *Ratoe Poerana*, nja anoe katēlah *Praboe Siliwangi* tea, nja eta radja Padjadjaran anoe kakontjara sarta anoe nēpi ka kiwari masih keneh djadi katjapangan oerang *Soenda*.



## c. ALAM PADJADJARAN.

Dina taoen 1333, Praboe Siliwangi ngalih ti Galoeh ka Koelon, nja ngadėgkeun nagara anjar, anoe katėlah *Pakoean Padjadjaran*, pėrnahna kidoeleun Bogor ajeuna.

Patilasanana aja keneh deukeut kampoeng *Batoetoelis*. Di dinja oge aja toelisan dina batoe, anoe nėrangkeun, jen *Ratoe Poerana* (*Praboe Siliwangi*) teh ngadėgkeun dajauh *Pakoean Padjadjaran* sarta miwarang moeka djalan ka pagoenoengan djeung miwarang njeun sitoe, anoe ajeuna disėboet *Kota Batoe*.

Nilik katėrangan anoe kasėboet bieu, oerang bisa nėtėpkeun, jen Praboe Siliwangi teh harita hėnteu apilain kana pėrkara anoe djadi bahan geusan karahardjaan nagara, da koe ajana djalan teh, djalma bisa balawiri, bisa tjampoer gaoel djeung batoer anoe padjaoeh padoemoekanana sarta barisa ngoendjal hasil boemi ti pagoenoengan ka nagara. Hal saroeapa kieu tanwande djadi pangdeudeul kana kadjėmbaran nagara.

Ari sitoe, moal boa, djadi tėmpat kalangėnan radja, sabab radja-radja baheula, biasa sok ngagėdekeun kana kalangėnan teh, boh lalajaran, boh boeboedjėng djeung salian ti eta. Hal ieu mindėng katjatoer dina tjarita-tjarita atawa dongeng-dongeng djaman baheula.

Di Kėbantėnan (deukeut Bėkasih), kapanggih toelisan dina koeningan, anoe nėrangkeun paparentahan *Radja Pakoean Padjadjaran*.

Dina waktoe ngadėg karadjaan Padjadjaran, kakara ngamimitian katjatoer *Kasoesastran Soenda*, kitoe oge babakoena pisan mah Kasoesastran anoe gėlar dina lisan, sapėrti: *tjarita-tjarita pantoen, roepa-roepa dongeng anoe ngandoeng woelang* djeung salian ti eta.

Koe lantaran Kasoesastran teh harita oekoer gėlar dina lisan, geus tangtoe pisan kaajaanana moal anggėr, tapi robah-robah, da poegoeh dina ngarintahkeunana oge oekoer patarema lisan, dongeng didongengkeun deui, bedja dibedjakeun deui.



Sanggeus aja kabinangkitan noelis, kakara *Kasoesastran* teh aja rengkolna dina toelisan, oepamana:

dongeng-dongeng soeloek kabatinan, nja eta tjarita-tjarita pantoen; dongeng-dongeng sasakala, oepamana: Sangkoeriang djeung sapapadana; dongeng-dongeng misil pikeun baroedak, oepamana dongeng poetri toe-djoeh dj.s.t. dina Pariboga; sisindiran djeung sesebred; roepa-roepa kakawihan djeung salian ti eta.

Sangkan atra pasipatanana, ebreh djönglenganana *Kasoesastran* Soenda, ajeuna oerang titenan saroepea-roepana.

### TJARITA PANTOEN.

Tjarita pantoen teh dongeng Soenda pitoein pangwaris karoehoen. Ari noe didongengkeunana alam Padjadjaran djeung alam beh ditoeëunana.

Nilik wangoenanana djeung eusina, oerang bisa nētēpkeun, jen karoehoen Soenda teh tabah kana ngarakit oengkara sarta biasa njangsangkeun siloka, anoe djero oedaganana. Ngarakitna pamanggih, natakeunana rasa, kabiasaan ngagambarkeunana pikiran, horeng kitoe geuning, beh rengkolna aja dina tjarita pantoen ajeuna, lainlainna deui djeung anoe kiwari.

Oepama habēn diintip, dititentan dina saban mantoen, ěngke bakal kanjahoan, jen nadjan tjarita anoe djadi lalakon aja roepa-roepa, tapi ari babagian djeung rakitanana mah anggēr bae, meh taja pindah-pindahna, geus djadi apal-apalan, ngan kari njaroengsoem bae koe anoe djadi poko lalakon tea.

Lamoen koe oerang dipasing-pasing roetjatanana, ěngke bakal kanjahoan, koemaha parelean pokpokanana hidji-hidji bagian tea. Ari biasana roentoejanana teh saperti anoe diberendelkeun di handap ieu:

Ngaradjah.

Nataan kageulisan modjang.

Nataan modjang dangdan.

Nataan aděg-pangaděg menak kasep.



Nataan noe kasep dangdan.  
 Nataan modjang angkat.  
 Nataan modjang ngawang-ngawang.  
 Nataan noe përang tanding.  
 Nataan papakean Lengser.  
 Nataan pëta-pëta Lengser.  
 Nataan kaajaan paseban, aloen-aloen, tampian.  
 Nataan kamonesan waktöe pesta.  
 Nataan lalajaran dj.s.t.

Ari lalakonna anoe biasa dipantöenkeun:

*Loetoeng Kasaroeng, Tjioeng Wanara, Nji Soemoer Bandoeng, Moending Laja, Koeda Lalean, Koeda Wangi, Gadjah Loemantoeng, Bima Wajang, Rangga Sena djeung salian ti eta.*

Hidji-hidjina lalakon moal ditjaritakeun, da lain eta anoe dimaksud di dieu. Ari noe rek dipapaj ajeuna mah babakoena pisan *wangoenan tjaritana, oengkara basana djeung larapna këtjap*, ambeh bisa dibanding-banding djeung tjarita djaman ajeuna.

Dina tjarita-tjarita pantöen, bagian papantöenanana salawasna *pærwakanti sïwara*, anoe padalisan-padalisanana didjadikeun koe dalapan sora; palëbah tjarita lalakonna sok digorolangkeun, basana basa lantjaran sarta hënteu dibaroeng koe katjapi.

Ieu di handap diberendelkeun sawatarä tjonto-tjontona:

### RADJAH:

Loetoeng Kasaroeng.

#### I.

Boel ngoekoes mëndoeng ka manggoeng,  
 ka manggoeng nēda papajoeng,  
 ka dewata nēda soeka,  
 ka pohatji nēda soetji,  
 koering rek diadjar ngidoeng,  
 nja ngidoeng tjarita pantöen,  
 ngahoedang tjarita wajang;



njilokakeun njoektjroek lakoe,  
 njoektjroek lakoe noe rahajoe,  
 mapaj lampah noe baheula,  
 loeloeroeng toedjoeh ngabandoeng,  
 kadalapan keur disorang;  
 bisina něroes narotoes,  
 bisina naradjang alas,  
 palias něroes narotoes,  
 palias naradjang alas,  
 da poegoeh galoer ing toetoer,  
 ngěmbat papajan tjarita;  
 ti mēndi pipasinieun,  
 ti mana pitjaritaeun,  
 tětěp mah tina kahyangan,  
 ditandean tjoepoe manik,  
 tjoepoe manik astagina,  
 diwadahan sarat tangan,  
 ditoeroeban koe manděpoen,  
 diteundeun di djalan gěde,  
 diboeka koe noe ngaliwat,  
 koe noe wěroeh di sěmoena,  
 koe noe rantjage di angěn,  
 diboeka pating haleuang,  
 noe menta dilalakonkeun.

### Tjag:

Teundeun di handeuleum sieun,  
 toenda di handjoeang siang,  
 paranti njokot ninggalkeun.

### II.

Tjatoerkeun radja noe mana?  
 tjatoerkeun ratoe noe kidoel,  
 kami mah palias keneh,  
 bisi goeroe tanpa poehoen;  
 ratoe koelon kitoe keneh,



kami mah palias keneh,  
 bisi goeroe tanpa seler;  
 ratoe kaler kitoe keneh.  
 kami mah palias keneh,  
 bisi goeroe tanpa sangkan;  
 ratoe wetan tatjan keuna,  
 bisi mareng tan landesan.

Tjatoerkeun wiwitanana,  
 wėkasan di dinja keneh,  
 nēda agoeng nja paraloen,  
 nēda pandjang pangampoera.

Rek ngoesik-ngoesik noe tjalik,  
 ngobah-ngobah noe keur tapa.

Kiwari ngantjik di mēndi,  
 ajeuna ngandjang di mana?

Di nagara Pasir Batang,  
 Pasir Batang anoe girang.

.....

(Satamatna radjah, toeloej kana lalakon)

**RADJAH:**

R a d e n D e u g d e u g P a t i D j a j a p ě r a n g .

Ahoeng!

Ahoeng!

Ahoeng!

Ahoeng!

Ahoeng!

Ahoeng!

Ahoeng!



Boel koekoes aing ka manggoeng,  
 ka loehoer ka sang Roemoehoen,  
 ka handap ka kadatoean,  
 ka Batara ka Batari,  
 Sang Batara Soesoek Toenggal,  
 noe babak-babak di Kahiyangan.

Ahoeng!

Noe loenggoeh tanpa boeana,  
 atji boemi atji boeana,  
 nja atji toemalang paksa,  
 ande wong ande watjana;  
 Tjihaliwoeng noendjang ngidoel,  
 njanghoeloe ka Goenoeng Sēmboeng,  
 Tjisadane noendjang ngäler,  
 noendjang ka noesa larangan,  
 ti tēngah Tjirantja-maja,  
 kabeh Wetan tjai Peutjang,  
 kiroeh ti hilir kiroeh ti girang,  
 nantjēb ka bagal sarēngga dewata doea.

.....  
 Bisi diadjar dina hedjona,  
 motong tjabatang ka malingpang,  
 mēgatkeun leuweung goemēndēng,  
 mēpēran sihoeng sangrana njakrawala,  
 di boeana Pantja tēngah,  
 Rohijang Banga Rohijang Bangoe,  
 Rohijang ka Tali-mēdang,  
 Rohijang ka Tali-mēding,  
 ka Batjoekat ka Batjoekit,  
 ka Batara Soekradjaja,  
 papioeh banjoe pitoetoer.  
 Bisi aja tjai ragrag tina pasir,  
 erek menta pangradjahkeun,  
 pangmoenahkeun pangnoelakkeun.



Bisi aja boemi noe kalěpat,  
 Boemi noe kalěpit,  
 noe garanggangan noe garonggongan,  
 něpoes bėngkoeng ngadal mětėng.

Djlėg :

Direkakeun tjoepoe manik astagina,  
 diteundeun di djalan gėde,  
 dibandingan sarat tangan,  
 ditoeroeban boėh larang,  
 noe moeka semah paliwat djalan,  
 bijar saboeika siang,  
 ting daleungdang ting haleuang,  
 ronghok noe menta dilalakonkeun,  
 poeta anoe tigang lawe,  
 soean kapitoe bėlas,  
 intjoe tigang ewoe.

Ari noe kagoengan Padjadjaran Prėboe Siliwangi, poetrana anoe  
 kasep Raden Iman Sondjaja.

Noe kasep kagila-gila,  
 hoeroeng mantjoer ngaragoemang,  
 di djėro paseban.

.....

(Rengse radjah, nindakna kana lalakon).

**RADJAH:**

Tjarios pantoen Raden Moending  
 Laja di Koesoema.

Poen! Sapoen!

Ka loehoer ka Sang Roemoehoen,  
 ka goeroe poeta Hyang Bajoe,  
 ka handap ka Sang Batara,  
 ka Batara Naga Radja,  
 ka Batara Naga Soegih!



Poenika radjah pamoenah,  
 paragi moenah sagala;  
 moenah lěmah katoet imah,  
 moenah kajoe katoet batoe,  
 moenah tjai katoet diri,  
 moenah raga sarěng banda.

Ngahatoerkeun sangoe poetih sapoeloekaneun:

ka Sang Ratoe Boeligěr Poetih,  
 noe tjalik di hoeloe pasir,  
 ka Sang Ratoe Djělěgong Poetik  
 noe tjalik di hoeloe lěbak;  
 ka Sang Ratoe Hoemoeroek Poetih,  
 noe tjalik di dasar tjai!  
 „Isoen radjah pamoenah”.

#### RADJAH PANOETOEP.

Amboeing Radjah pamoenah,  
 Aki ing Radjah pamoenah,  
 Sang Kala Wisesa.  
 Rat djagat wawajangan,  
 Těs, ngagěntjlang titisan kai amarah,  
 Oraj laki Barahma poelang ka Kidoel,  
 Oraj Barahma mětōe datang ti Koelon,  
 moegia poelang ka Koelon.  
 Oraj Barahma ti Kaler poelang ka Kaler,  
 ti Wetan poelang ka Wetan.  
 Sang Ratoe Oelang-aling ka loehoer,  
 Pamoengkēs Radjah pamoenah.

.....

Tina hal radjah, sakieu oge sakalieun tjonto mah tjoekoep.  
 Moen koe oerang dititenan, tangtoe baris kapanggih, jen aja doea  
 tiloe kětjap Djawa anoe njarėlap, saperti: *wong, isoen dj.s.t.* Noe  
 matak kitoe, kawasna, lantaran diwangoenkeunana koe toelisan,  
 sanggeus Soenda keuna koe Pangaroeh Mataram.

Ajeuna oerang toeloejkeun kana:



## MODJANG DANGDAN.

## I.

Geulisna modjang noe dangdan,  
 matak bĕngong anoe nendjo,  
 matak hajang anoe ningal,  
 manis boedi djeung pamilih,  
 geulisna kawanti-wanti,  
 nja endah kabina-bina,  
 nja keusik-keusik barĕntik,  
 kahibaran koe noe geulis,  
 nja tjadas-tjadas harerang,  
 kahibaran koe noe lĕndjang.

Sanggeus dangdan, modjang teh mĕdal ka paseban, harempoj  
 malikkeun emok.

Emok kekep direrekep,  
 kekep batan hoentoe gegap,  
 bisi tembong toeang kagoengan.

.....

## II.

Ari rap modjang noe dangdan,  
 indit bari ngoesap samping,  
 sampingna sambagi tĕroes,  
 paningkĕs para dewata,  
 lain dewa anoe midang,  
 widadari noe ngadjadi,  
 pĕndek hĕnteu djangkoeng hĕnteu,  
 sĕdĕngna gĕndĕjĕn pantĕs,  
 gondojong make karembong,  
 karembong .....

.....



Oelah sok digěloeng djoetjoeng,  
 bisi padjah indoeng-indoeng,  
 larangan anoe ka lisoeng.  
 Oelah sok digěloeng malang,  
 bisi padjahkeun noe gandang,  
 larangan oenggah ka randjang.

Ari parantos dangdan, harempoj malikkeun emok, ngadeuheusan  
 ka rakana, arek njarioskeun impenan.

### III.

Indit bari meber samping,  
 sampingna batik sambagi,  
 toempalna koe banjoe ěmas,  
 ngagěboer běnten kantjana,  
 běnten ěmas dikarantjang,  
 ditaboeran koe běrlian,  
 siga bentang kabeurangan,  
 gondojong nganggo karembong,  
 karembong poerba-nagara,  
 dimangka tarik sisina,  
 disina ngěndong těngahna,  
 dipěrih bareuh bagalna,  
 bisoel boeroeng lain kitoe,  
 bisoel bantat lain eta,  
 noe boeroeng mangtaoen-taoen,  
 goenoeng poetri keukeumbingan,  
 taktak taradjoe-djawaeun,  
 paranti narimbang atma,  
 awak lěndjang dipidangkeun,  
 pipina dilěning-lěning,  
 tarangna diloenang-loenang,  
 ngala loemat lěbah tarang,  
 reana salawe lambar,  
 ditětěl koe pigeulangan,



dikael djaridji kiwa,  
 da ěmboeng digěloeng djoetjoeng,  
 bisi padjah indoeng-indoeng,  
 teu batan gěloeng paranti,  
 gěloeng tĕtĕl gěloeng singgĕl,  
 teu batan gěloengna konde,  
 tĕtĕngĕr gěloeng tjawene,  
 beunang njoesoet koe noe roeoem,  
 beunang ngeset koe wawangen,  
 baoe dedes baoe rase,  
 baoe poedak Kalidjaga,  
 baoe mĕnjan kawalagar,  
 seungitna sapanjoempitan,  
 .....

Saparantos dangdan, ladjĕng modjang mĕdal ka paseban barina  
 njandak lĕmareun, arek nĕmonan tamoe anoe tjoendoek, noe  
 ginding nĕmbean soemping.

### POETRI GEULIS.

Koelit tjaoe ěmas asak,  
 tarangna tedja mĕntrangan,  
 nja pipi katoembirian,  
 halis kawas djĕler paeh,  
 hoentoena goela-goemantoeng,  
 sotja seukeut djeung tjoereuleuk,  
 taktak lir taradjoe ěmas,  
 ramo mĕtjoet moetjoek eurih,  
 ramboet pandjang pateuh lontar,  
 geulis teu aja tjatjadna,  
 hade roepa hade lampah,  
 hade oetjap djeung pasĕmon,  
 ampoeh loenggoeh gĕde elmoe,  
 bĕrboedi rea pangarti.



Pokpokanana njaritakeun modjang dangdan djeung nataan kaajaanana anoe geulis, pohara *nembresna*, nepi ka katjipta pasipatanana sarta kagambar pasang-pētana.

Marga-loejoena basa katjida tēgēpna sarta *Rineka-Sastrana* nimboelkeun tjiptaan anoe njatjas.

Ajeuna oerang nēroeskeun hantja nitenan tjonto-tjontona anoe sedjen.

#### ANGKAT GANDANG.

Gandangna anoe tas pērang,  
 keupat dialoeng ka manggoeng,  
 tanding bintjaroeng diadoe,  
 keupatna bēntik ka gigir,  
 ngaranna djēnggala manik,  
 keupatna leuleus ka hareup,  
 ngaran si nandjeurkeun tineung,  
 keupat eundang ngaloembajang,  
 tētēngēr keupat noe gandang,  
 da boengah meunang pērangna,  
 toengkoel bari kikidoengan,  
 tanggah bari tatandakan,  
 di leuweung si loewang-liwoeng,  
 koemaha padjahkeun liwoeng,  
 kaina lain toeareun,  
 hoēna lain loeroedeun,  
 areujna lain tilaseun,  
 tjaina lain inoemeun.

Teu lami katingalan *nagara* ti kaanggangan:

Ngagēndat sēla bentengna,  
 roenggoenoek tjaringin koeroeng,  
 tjaringin tiloe ngarioeng,  
 toewoeh tatandoeranana,  
 djaoeh lalakon di poengkoer,  
 anggang anoe geus disorang,  
 djaoeh hamo boeroeng tjoendoek,  
 anggang hamo boeroeng datang,  
 sakeudeung goeroedag soemping.



Nilik tjontona anoe bieu, sok sageuj hěnteu katjipta, koemaha wandana ari angkat gandang, tandaning pěrangna meunang.

Keupat lěpas ka hareup těroes kabeh loehoer tjara militer djaman ajeuna, alam Padjadjaran oge ěnggeus aja, njata dina omongan: „*keupat dialoeng ka manggoeng*”.

Ngagambarkeun kagoembiraanana noe tas meunang pěrang, nataan kaajaanana leuweung djeung rěnggěnkna nagara katendjo ti kadjaoehan, sakitoe aretjesna.

## MENAK NGAPOENG.

### I.

.....  
 beuki loehoer pang ngapoengna,  
 beuki lěpas pang ngapakna,  
 paheula-heula djeung heulang,  
 paboro-boro djeung rangkong,  
 njoreang ka těbeh handap,  
 atra katingal goenoengna,  
 goenoengna pating parěntoel,  
 sagara siga tjileungtjang,  
 katingal ti awang-awang,  
 leumpang sakoelit ing angin,  
 kapindingan indoeng peuting,  
 kalampatan mega bodas,  
 kareueukan mega hideung,  
 sawahna sariga kalang,  
 kataradjang angin lada, (angin barat),  
 anginna sada karinding,  
 goegoerna sada galindoer,  
 gělapna sada korendang,  
 tarik tanding mimis bėdil,  
 liang tjeuli sondarian,  
 rea lěmboer noe kalangkoeng,  
 rea sagara kaliwat,



sakeudeung Raden djol soemping ka mega malang, ngarandĕg di  
mega noenggal, ngalirik ngetan, ret ngaler.

.....

II.

.....

rĕntang sagĕde papatong,  
rĕngking sagĕde papanting,  
soemerepet tanding walet,  
soemeak tanding kadantja,  
kadantja moeroe raratan,  
kawas djogdjog moeroe mondok,  
kawas walik moeroe lamping,  
moeroe pameutinganana;  
kawas tjioeng moeroe goenoeng,  
moeroe pangaoebanana;  
seueurna ka mega malang,  
teu njimpang ka mega malang,  
salawe simpanganana,  
simpangan ti kahijangan,  
datang ka toendjang boeana,  
kana pongpok sarangenge,  
ka aki Gĕlĕng Pangantjingan,  
pangantjing langit pingpitoe.

.....

MENAK DANGDAN.

Riap,

aria ponggawa dangdan,  
noe mĕndoeng lantjingan woeloeng,  
noe njigi lantjingan pandji,  
noe marong badong kantjana,  
riap saboek tali datoë,  
saboek palangi sahidji,  
lain ladang ngoeroep noekeur,  
lain ladang babalantik,



ladang imoet pipir lisoeng,  
 pangaloengan indoeng-indoeng,  
 pamalangan tatambangan,  
 ladang imoet patembongan,  
 soesoemping kembang djajanti,  
 tjaretjet kambodja soetra,  
 tiloe soekoe djeung tjatoetna,  
 sareal djeung naratajan,  
 satail tẽmpoehanana,  
 tarolop gagang pangotna,  
 paranti njotjo noe bentol,  
 sarangka sasarangan,  
 gogodong ki djoelang ěnom,  
 landean tjoela boengalan,  
 pamẽndak robjong kantjana,  
 montjorong pẽndok ěmasna,  
 pẽndok ěmas beunang natah,  
 tatahan ganggong sapotong,  
 oekiran patra goemẽlar,  
 ti gigir dimata walik,  
 ti toekang dilantjah mẽntrang,  
 ti hareup dikoeda njeungseung,  
 sẽdẽk rẽjẽm-rẽjẽm pantẽs.

.....

### ABROELAN NOE NJAMBOENGAN.

Boeroedoel ti tẽbeh kidoel,  
 kampoengan para toemẽnggoeng,  
 saratoes djeung lima poeloeh,  
 boeroedoel oemboel-oemboelna,  
 lagadar djoeraganana,  
 toempak koeda lalagaran,  
 mẽsat pẽdang loeloegasan.  
 Ngabengbreng ti tẽbeh kaler,



kampoengan ti para raden,  
 sarawoeh para gëgëden,  
 bawana topeng djeung ronggeng,  
 ngagoeroeh ka aloen-aloen,  
 nja pëndok patjorok-tjorok,  
 nja pëdang pahalang-halang,  
 nja bëdil mani paboeis.  
 Kalapa manggaranana,  
 djambe majanganana,  
 seureuh tjandikanana,  
 domba aleutan,  
 ëmbe eredan,  
 hajam parandjean.

.....

## ANOE PĒRANG.

### I.

Silih goesoer silih soeroeng,  
 silih doepak silih sepak,  
 silih djotos silih tjabok,  
 silih tjëkek silih kadek,  
 silih djingdjing djeung tampiling,  
 silih toemboek silih toebroek,  
 silih pëdang silih gobang,  
 silih djoengdjoeng silih aloeng,  
 silih sered silih gëntjet,  
 silih soeroeng silih pëntoeng.

.....

### II.

Silih irik silih gitik,  
 silih doepak silih sepak,  
 silih djingdjing djeung tampiling,  
 silih poendjëng silih oelëng,



silih tēnggok silih tjabok,  
 silih djėkok silih bėkok,  
 taroengna paoengkoe-oengkoe,  
 pėrangna padjaga-djaga.

.....

Dina palėbah *menak ngapoeng*, lian ti pinoeh koe *Rineka-Sastra* anoe araloes teh, aja pėdaran *karėsmian alam* deuih, anoe pok-pokanana sakitoe kareunana sarta nimboelkeun tjiptaan anoe njatjas. Geus tangtoe pisan dina *papantoenan* mah *padika* ngagambarkeunana roepa-roepa tjiptaan teh teu saroea djeung atoeran-atoeran anoe kapanggih dina basa lantjaran kaajeunakeun.

Dina palėbah *menak dangdan* djeung *abroelan noe njamboengan*, katjipta raprapanana anoe dangdan, ebreh aleutan djėlėma anoe angkariboeng babawaanana djeung para ponggawa anoe pohara sarėgoetna dj.s.t.

Soemawonna anoe *pėrang* mah, moenggah katjipta galoenganana, noe rongkah reudjeung noe bėdas, noe rikat djeung noe tangginas, moesoeh lawan pada narembongkeun kakoeatanana.

Djaba ti eta oerang bisa nangenan, jen lalaki djaman baheula mah parandjang boeokna, mapan tetela dina omongan: „*silih poendjėng silih oelėng.*”

---

### LENGSER DANGDAN.

Kai Lengser geuwat dangdan,  
 dangdan sakadangdan-dangdan,  
 heubeul ngawoela di ratoe,  
 lawas ngawoela di menak,  
 babasahan kotok nonggeng,  
 saboekna koe waring rabig,  
 badongna koe batok tjopong,  
 badjoena koetang tėngahan,  
 ikėtna woeloeng dimodang,  
 soesoemping koe pangraoetan,



gogodong koe loempang tjopong,  
 landean koe bagal djagong,  
 kērisna koe wiwilahan,  
 tjamēti koe rangrang awi.

Nilik tjontona anoe bieu, oerang bisa nangenan, jen dangdanan  
 Lengser teh katjida rangkēdoehna, hēnteu nimboelkeun tjiptaan anoe  
 aloes, noe poegoeh mah pikaseurieun.

Ari pēta tea mah atoech da beunang ngahadja boedjangga, diatoer  
 soepaja pikaseurieun, ambeh noe ngadarangoe pantoen galoembira.

Lain tina pērkarā dangdan bae Lengser mah pikaseurieunana teh,  
 tingkah-lakoena djeung pasang-pētana lian ti eta oge, sarengkak-  
 rengkak teh matak seeleun noe ngadarangoe.

Geura ieu tjontona anoe sedjen:

#### LENGSER LOEMPAT.

Loempat sakaloempat-lampet,  
 tarik batan mimis bēdil,  
 lēpas batan koeda loempat,  
 ngadoedoed sarangka doehoeng,  
 liang iroeng mamaoengan,  
 boeah birit wani hapa,  
 balas kasepakan keuneung,  
 wani eor tjetjekolan,  
 eor moemoentjanganana,  
 nja kelek tatarompetan,  
 palangkakan tētēmbangan,  
 moenggah eor heheotan,  
 lain lantoeng tamboeh lakoe,  
 lain lēntang tanpa bedja,  
 manggoel pioetoesan ratoe,  
 ngēmban piwarangan menak.

Toeh apan kitoe geuning pokpokanana pantoen njaritakeun  
 Lengser loempat teh. Koe pokpokanana papantoenan anoe bieu,



něpi ka katjipta *wandana* noe loempat tarik, hajang nembongkeun kasarėgěpanana noe koemawoela, bisi dipadjarkeun leleda di těngah djalan.

Tina koe bawaning tarik loempatna, něpi ka liang iroeng oge disada, lir djombali di těngah sawah anoe ngahioeng disada, lantaran katěbak angin. Nja kitoe deui babagian-babagian awak lian ti noe kasěboet tadi, moenggah ear disarada.

Rineka-Sastra sagěmblěngna ngandoeng harti: *loeloetjon*.

### LALAJARAN.

Parahoena parahoe kantjana,  
 parahoe sigaleotan,  
 pabělahna opat poeloeh,  
 angkatan toekang pabělah,  
 angkatan parahoe dalěm,  
 tihang lajar beunang ngadjarěnang,  
 dikerong ěmas binarong,  
 gěbjar moekakeun lajar,  
 lajar topan kande rogan,  
 paněmboeng panembak angin,  
 da bangkit djoeroemoedina,  
 da ampoeh djoeroedajoengna,  
 da pelag djoeroegalahna,  
 tarik tanding mimis bėdil,  
 gantjang batan koeda měras,  
 lir poetjoek beunang noedjahkeun,  
 lapat-lapat katingalan,  
 lakoena parahoe dalěm.

### LAGOE PONGGAWA NJOEROENG.

Djalanna djalan těroesan,  
 njorang leuweung loewang-liwoeng,  
 warna teuing dedengean,  
 koema dingarankeun warna,  
 maoengna pating salěnggroeng,



badakna pating salěnggrang,  
 oa kawas noe ngadoa,  
 beo kawas noe ngaheot,  
 geuri pating karotjeak,  
 doedoetna pating koeroeboet;  
 warna teuing titingalan,  
 goerandoel imah tiwoean,  
 parangpang imah kamarang,  
 sireupeun djeung teuweul taneuh,  
 kai dengklok pangodengan,  
 paroengpoeng njiroeana,  
 djaoeh lalakon dipoengkoer,  
 anggang lalakon disorang,  
 djaoeh hamo boeroeng tjoendoek,  
 anggang hamo boeroeng datang,  
 sakeudeung goeroedag soemping.

Papantoenanana, sakalieun tjonto mah, sakieu ge tjoekoep.  
 Ajeuna oerang nitenan *basa lantjaranana* anoe dibaroeng koe  
*papantoenan*.

### NJATJAR PIHOEMAEUN.

.....

Děr njatjar pating djoeringkang nindih ka noe leutik; brěg  
 hoedjanna, pating djarėded gėlap, njatjar babandjiran; loeang  
 njatjar eta koedoe katiga.

Angkat, diseureudan koe tataman, koe babakaoer, koe bajongbong,  
 koe odeng aran sasangėtan bae; njatjar babandjiran, noe kėbloek  
 ditondjok, njoreang di doepak.

„Lengser, angkėr tēmėn.”

„Ti dalėm teu pisan nastiti goesti; bangga pisan ti nagara.”

„Mama Lengser, kami mah tjape tēmėn.”



„Tjape eta komo dewek,  
kana leuweung ngapalaan,  
ka nagara ngaroerahan,  
kilang kitoe teu katjarek,  
aran hade ka noe gēde.”

Ari geus sewoteun si Lengser, kaloeroeh pēroeh, katintjak peung-  
gas, kapērod bongbong katoet djeung tatangkalan; tjatjar pang-  
goeng kari hoeroeeun bae, nanging tjatjar babandjiran bae aran  
sibaha ka radja.

„Lengser, geus anggeus?”

„Ĕnggeus, oerang boebar.”

Rigeung Indradjaja angkat. Djoeg ka nagara, boes ka padalēman  
koe sila pinoeh saroang, bidak kaloearan boemi sewang-sewang.

„Koemaha, Mama Lengser, njatjar geus anggeus?”

„Geus anggeus njatjar, gila koe lēga toedjoeh pasir reana.”

„Koemaha noe oerang sisi?”

„Poerba Sari kakara pating karoreh, meunang sabirit loetoeng,  
pakarangna koedjang boentoeng.”

„Toeloes kateukteuk beuheungna?”

„Toeloes.”

„Soekoer.”

Keur meudjeuh ngeureunan palaj.

Tjatoerkeun oerang sisi.

Nji Mas Poerba Sari sipēt ngahoeroe ka ditoe, hēnteu koengsi  
poelang-anting kongkonan, rek ngoekoes bae.

„Ngoesik-ngoesik noe keur tjalik.  
ngobah-ngobah noe keur tapa.”

(Tjarita Loetoeng Kasaroeng).

Tah kitoe wandana basa lantjaranana, estoening gandēs djeung  
ringkēs, teu ngajajaj pandjang tjatoer.

Wanda basana teu beda djeung adēg-pangadēg noe kagoengan  
basana, nja eta wanda Soenda tērah Padjadjaran. Geura lamoen  
oerang nendjo oerang Badoej ajeuna, dina tagog, legeg djeung  
adēg-pangadēgna teh, lain-lainna deui djeung oerang pasisian anoe



lian, anoe geus keuna koe hama, pangaroeh ti piloearan. Hěnteu aja, moenggoeh di oerang Badoej mah, pěta pajangkad-pojongkod teh, ieu mah estoening adjěg, njata nakěr djělěma weuteuh, tatjan kasosok koe pangaroeh deungeun. Nja kitoe deui dina raprapanana make, estoe sahinasna pisan.

Tah basana ge nja kitoe, da poegoeh *basa* djeung *bangsa* teh goemoeloeng ngadjadi hidji, sasipat djeung sakahaman.

Koe lantaran tjarita Loetoeng Kasaroeng teh, diwangoenkeunana dina toelisan mah, beh dieu nakěr, moal boa tangtoe aja kětjap-kětjap semah anoe miloe kapidangkeun. Oepamana kětjap: *soekoer*; ieu lain tjěre Soenda, tapi semah wědalan Arab.

### S a n g h y a n g L o e t o e n g k a p a r a k a n .

Tjatoerkeun di goenoeng.

Boedjang Ĕmas Poerba Sari, Sanghyang Loetoeng, indit tina pangtjalikan bale kantjana. Top rěngkěp ti tihang těngah, prak disalindangkeun, nja oendoer djeung noe lěmboet,

angkat karo wawajangan,  
keupat gambalang-gambeleng,  
djiga banteng toemambarang,  
aran anggo djalma wěnanng.

Doeg ka parakan, tatjan koengsi nembongkeun maneh, ngadoe-keun keneh pangawasa. Top njokot kalo kantjana dina birit parakan, eusina laoek sahidji. Mandjat baranang tembong kasepna; pada madjar kasep sakabeh para poetri ti nagara.

Tjek si Lengser: „Silah, djalma kasep.”

Ret njoreang Poerba Rarang:

Sitoe hiang di Tjilengkrang,  
bogona doea harideung,  
noe lěndjang ti roendjang-roendjang,  
roemanggieung nanja tineung.



Katembong noe kasep ngaliwat:

Etjet-etjet dina lintjar,  
kasintoe dina mareme,  
noe kasep tembong rek lintar,  
disampeurkeun koe bebene.

Nja kami djalma noe lëndjang,

poen rampes geura sindangan,  
nja kami djalma noe denok,  
poen rampes geura pondokan,  
nja kami djalma noe galing,  
poen rampes geura peutingan.

„Ti mēndi nja toeang boemi, koemaha kasambat toeang kakasih?”

(Tjarita Loetoeng Kasaroeng).

Tjonto anoe bieu teh didjadikeun koe *basa saladjoer* (*basa lantjaran*) djeung *sesebred*. Noeroetkeun oenina omongan-omongan, ebreh wandana Sanghyang Loetoeng, dina mangsa indit ka parakan, daweuung loedeung, tandang noe taja karingrang.

Sanggeus Sanghyang Loetoeng mindah roepa, djadi deui sinatria, kasep ngalenggereng koneng, para poetri taja noe hēnteu kapintjoet, ngadadak djadi birahi, sarta pada hajang kaoentoen tipoeng katambang beas, kalaksanakeun ka satria anoe anjar pinanggih.

Katineung djeung kabirahian para poetri, digambarkeunana dina *sesebred* djeung dina omongan-omongan sapandeurieunana, anoe minangka *dangdinganana* moen ajeuna mah.

Dina pokpokanana ngēdalkeun katineung hate, hēnteu ngajajaj malapah gēdang, tapi ringkēs, pondok tjatoer pandjang maksoed toer tetela deuih, teu matak soelaja paham.



## TJONTO-TJONTONA NOE SEDJEN.

B a s a l a n t j a r a n .

## I.

.....  
 Kadjeun kolot kontrong-kontrong,  
 kadjeun landjang dojong-dojong,  
 kadjeun poelang ngalongkewang,  
 soepaja kasep tjaroge,  
 kadjeun bĕngkoeng njoehoen gadoeng,  
 kadjeun bongkok njoehoen onggok,  
 barina nangis, ngoeroet-ngoeroet indoeng soekoe,  
 mĕntjet-mĕntjet gĕnteng bitis;  
 leuheung bisoel dina toeoer, beunang didĕngkoel-dĕng-  
 koelkeun, tibar dina pengpelangan, beunang dideng-  
 kak-dengkakkeun, teu batan noe hajangeun lakian.  
 .....

## II

Raden Moending Laja di Koesoema eukeur meudjeuh soekan-soekan gogoongan, hedjo lembok lambat tjarita, dirioeng-rioeng koe gĕloeng, diaping-aping koe angkeng, disarib-sarib koe bitis, tjalik di bale boeboet bale manggoet, bale rarawis kantjana, hoeroeng damar koeroeng oenggal djoeroe, siang damar malĕm oenggal tihang.

(Tjarita Raden Moending Laja di Koesoema; ditjitak taoen 1906).

Dina tjonto noe ka I netelakeun kakĕntjĕnganana istri hajang kadjodokeun ka noe kasep; tinimbang hĕnteu laksana, kadjeun teuing teu boga salaki nĕpi ka kolot.

Djaba ti eta netelakeun, jen noe hajang boga salaki teh, dimana hĕnteu laksana, hese pioebareunana.

Tjonto noe ka II netelakeun kaagoenganana djeung kamoeljaanana radja djaman baheula.



Basana tēgēp, rineka sastrana kareuna, nēpi ka nimboelkeun  
tjiptaan anoe njatjas, koemaha pasang-pētana anoe keur nandangan  
*brangta* dj.s.t.

S e s e b r e d.

Tikoekoer di goenoeng Poetri,  
nja walik matjokan anjam,  
*soekoer* moen toeloes ngadjadi,  
malik meureun koemaonam.  
.....

Djaksi teh di pipir boemi,  
kananga dika-djalankeun,  
*abdi* teh nangis goemati,  
Den Laja dika-manakeun.  
.....

Pileuleujan tjangkang beas,  
hoeoet sadjěroning kedjo,  
pileuleujan oelah *iklas*,  
imoet sadjěroning nendjo.  
.....

Haroeman goenoeng Haroeman,  
oeroet koering mapag lemo,  
eusina katoentjar hideung;  
kaloeman beuki kaloeman,  
oeroet pagalentor sono,  
ajeuna patoeraj tineung.  
.....

Hanggasa bawa ti goenoeng,  
dipipit bawa di rawa,  
ka saha nja soemalindoeng,  
nitipkeun raga djeung njawa.



Kěmbang wera kěmbang beureum,  
 kěmbang gandaria manis,  
 matak era deungeun-deungeun,  
 matak tjararia kami.

.....  
 Kadjeun moending boeloe hiris,  
 kadjeun koeda boeloe landak,  
 ka djalan kapariakeun;  
 kadjeun ge ngěděng boeligir,  
 goledag hěnteu disamak,  
 soepaja djeung Raden Laja.

.....  
 Ditjioem dikoeja laet,  
 sěmoe diroenja-dirěnjoe.

.....  
 Roeas boengbas pipir hawoe,  
 noe geulis modongsong koneng,

.....  
 Soerakna ngaindoeng lěmboer,  
 soerakna ngabapa desa,  
 soerakna ajeuh-ajeuhan.

.....  
 Andjing beureum saba leuweung,  
 goeroedjag ..... noe anjar soemping.

(Tjarios Pantoen Raden Moending  
 Laja di Koesoema).

Tjonto-tjontona sesebred anoe kapintonkeun bieu, hěnteu aloes  
 kabeh. Oepamana:

„Kadjeun moending boeloe hiris,  
 kadjeun koeda boeloe landak,  
 ka djalan kapariakeun;  
 kadjeun ge ngěděng boeligir,  
 goledag hěnteu disamak,  
 soepaja djeung Raden Laja.”



Ieu sisindiran koerang hade, sabab *swara* noe aja dina tjangkangna teu saloejoe djeung *sora* dina bagian eusina.

Lian ti eta, basana oge teu pati bërësih, tęgësna hënteu kabeh tjëre Soenda, boektina aja sababaraha këtjap wëdalan *Arab* anoe miloe kapidangkeun, oepamana këtjap-këtjap: *soekoer*, *abdi* djeung *iklas*.

Tjatjak moen ieu tjarita diwangoenkeunana dina toelisan teh, samemeh Soenda keuna koe pangaroeh Arab, moal boa, tangtoe moal aja këtjap-këtjap kosta anoe njarëlap teh.

Katërangan anoe pandjang tina hal *sisindiran*, *rarakitan* dj.s.t., ëngke ka hareup oerang dalangkeun.

### ADAT KABIASAAN OERANG BADOEJ.

.....  
Lamoen panganten lalaki tẽpoeng djeung panganten awewe, panganten lalaki koedoe mapatkeun babatjaan, anoe pokpokanana kieu:

„Tjoepoe manik tangkal dada, tan koemala eusina koemala intën.”

.....  
Oempama rek njoenatan boedak, memeh brët ngeureut, bengkong sok mapatkeun djampe, kieu pokpokanana:

„Poen! Sirëp sari koening, sang rintjing-rintjing eukeurna boemi tatjan deuk ngaroepa, kakara deuk awaking djeung noe rompes tiis békanning birit leuwi, rëp sirëp keuna koe sari koening!”

.....  
Lamoen aja noe gëring, nja sok dicebaran, ngan ngoebaranana lain ngingëtkeun kana hajang tereh tjageurna, tapi ngan oekoer tamba, ambeh karasana oelah njëri teuing, da ari tjageur-hënteuna mah koemaha kërsana Batara Toenggal.

Oepama aja noe maot, dina imanna njawa teh disaoer koe Batara Toenggal.

Anoe maot sok dikoekoesan, mënjanna: tjangkang doekoeh toehoer, kajoe garoe djeung akar djamaka.



Majit dimandian di loear koe kokolot. Bari njiraman manehna mapatkeun djampe ieu:

„Poehatji balak bahan djati ngaran sirah tjai,  
 Poehatji keliran djati ngaran sisi tjai,  
 Poehatji inggoelan djati ngaran batoe,  
 Poehatji tasik manik ngaran keusik,  
 Poehatji lengsaran djati ngaran dasar tjai,  
 Sang moekeji ngaran tjai,  
 Sang ratoe kerepek seah ngaran paroeng,  
 Sang ratoe anggara mana ngaran njawa tjai,  
 Běrsih badan sampoerna”.

Ngoeboerna majit njangirah ngoelon njanghareup ngidoel. Sanggeus dikoerėbkeun, aja deui anoe mapatkeun djampe, kieu pokpokanana:

„Ong ilaheng, ka ditoe oelah teu poegoeh ngadjoegdjoegan, ka ditoe ka kawoeng anoe ngaloewoek, ka kalapa anoe ngadjadjar, ka djambe anoe ngaberes, ka si gělēmėng hideung!”

.....  
 (Oerang Badoej; Pantja Warna I).

Tah kitoe pokpokanana djadjampean oerang Badoej, anoe masih keneh ngadjalankeun tali paranti karoehoenna dina alam Padjadjaran, beda deui wandana djeung djangdjawokan kaajeunakeun.

Moen koe oerang dititenan, tangtoe bakal kanjahoan, jen pirang-pirang kětjap Sanskrit djeung Djawa koena anoe biasa diparake, oepamana: *manik*, *koemala* (komala), *boemi*, *poehatji*, *djati*.

Dina omongan: „*Běrsih badan sampoerna*”, aja kětjap Arab anoe njėlap, nja eta: *badan*. Kawasna bae ieu mah robahan koe pangaroeh noe ngawangoenkeunana dina toelisan atawa bisa djadi oge memanggeus rada keuna koe pangaroeh Islam, da noeroetkeun sadjarah, dina taoen 1526 di Bantėn Girang geus aja noe ngaliarkeun agama Islam, ari Pakoean Padjadjaran roentagna kira-kira taoen 1579,

Geusan nganjahokeun wandana Kasoesastran Soenda dina alam Padjadjaran, sakieu oge tjoekoep. Ajeuna oerang nitenan pasipatanana Kasoesastran dina alam sapandeurieunana.



## B. DJAMAN ISLAM.

Di loehoer geus ditjaritakeun, jen dina taoen 1526 di Pasoendan (Bantěn Girang) ngamimitian gělarna agama Islam. Ari anoe mimiti ngarintahkeun agama Islam harita, djënënganana *Maolana Makdoem Ibn Maolana Israil*, anoe sok disēboet oge *Faletehan* atawa *Tagaril*, nja anoe ěngkena katĕlah *Soenan Goenoeng Djati* tea.

Faletehan teh asalna ti *Pasei*, djĕngkarna ti nagarana dina taoen 1521, waktōe eta nagara didjabĕl koe oerang Portĕgis. Sawatara taoen andjeunna angkat ka Mĕkah, sarta samoelihna tĕroes matoeh di dajauh Djapara. Di dinja andjeunna garwaan ka saderek Soĕitan Dĕmak.

Teu lila ti harita, Faletehan ditimbalan koe Soeltan Dĕmak koedoe naloekkeun Bantěn. Mimitina ngislamkeun heula gĕgĕdenna anoe ngabdi ka Padjadjaran sarta ěngkena, kalawan pangbantoena pĕrdjoerit-pĕrdjoerit Dĕmak, andjeunna iasa ngadjabĕl *Bantěn Girang* dina taoen 1526. Geus kitoe toeloej naloekkeun *Soenda-Kalapa* dina taoen 1527, malah Radja Padjadjaran kasamboet di pangpĕrangan. Ari Soenda-Kalapa harita ditĕlahkeunana *Djajakarta* (Djakĕrta). \*)

Ari *Maolana Makdoem*, toeloej djoemĕnĕng Soĕltan ngĕreh Bantěn djeung Padjadjaran basisir kaler; ěngkena ngalih ka Tjirĕbon nĕpi ka poepoesna dina taoen 1570. Dipĕndĕmna di goenoeng Djati, sarta nĕlah nĕpi ka kiwari *Soenan Goenoeng Djati*. Saban taoen, babakoena boelan Moeloed, reboean djĕlĕma anoe mĕrloekeun djarah ka padjaratanana Soenan Goenoeng Djati.

.....

---

\*) Dajauh Djakĕrta teh hĕnteu dilingkoeng koe koeta, tapi koe pagĕr biasa bae. Di tĕngahna aja aloen-aloen djeung pasar; lian ti eta, aja masdjid deuih djeung karaton Pangeran Djajakarta, anoe dikoerilingan koe pringgandani. Di sisi Tjiliwoeng ngabengbreng imah bangsa Tionghoa, anoe paoesahaanana kana dagang djeung djaradi patoekangan. Kadaharan teu koerang toer moerah deuih. Kidoeleun Djakĕrta masih keneh pileuweungan, panjoempoetan bagong, oentjal, maoeng dj.s.t.



Ti heula geus ditjaritakeun, jen Pakoean Padjadjaran teh roentagna dina taoen 1579. Oerang Padjadjaran harita dipaksa diislamkeun, ari noe teu daek taloek kalaboer ka pagoenoengan. Roepana bae nja anoe ajeuna djadi oerang *Kanekes (Badoej)* tea.

Bangsa Soenda anoe ngarintahkeun agama Islam, aja doean:

1. *Gagak Loemajoeng* (Praboe Kean Santang), anoe soemare di desa *Godog* bawahan Garoet.
2. *Seh Abdoel Moehji*, anoe soemare di *Pamidjahan* bawahan Tasikmalaja.

Di loehoer geus katjatoer, jen dina ngamimitian mah bangsa priboemi anoe agamana agama Hindoe teh dipaksa diislamkeun, ěngkena kakara ngajakeun wiridan-wiridan agama di sababaraha tĕmpat, nĕpi ka lila-lila mah agama Islam teh nĕrkab ka manamana.

Oepama koe oerang dititenan, pangaroeh Islam teh nimboelkeun robahan anoe lain loemajan.

Tina hal *hoekoem* oepamana, apan eta teh lain papagon noeroetkeun Hindoe, tapi atoeran wĕdalan Arab.

Anoe kawĕngkoe koe *hoekoem* aja sababaraha roepa. Geura ieu sakalieun tjontona:

- a. *Hoekoem waris*: Lamoen aja anoe maot sarta ninggalkeun radjakaja, harta-bandana teh koedoe diwariskeun (dibagikeun) ka anak-rabina. Sakabeh *ahli waris* pada mareunang bagian anoe tangtoe, anak lalaki hĕnteu saroea bagianana djeung anak awewe, katĕtĕpanana noeroetkeun papagon *hoekoem waris*. (Ilikan: Bab adat-adat oerang Priangan djeung oerang Soenda lian ti eta, katja 179, tjitakan taoen 1913, karangan R. H. Hasan Moestapa).
- b. *Nangtajoengan hak awewe*: Dina waktue akad nikah oepamana, apan panganten lalaki teh koedoe ngalisankeun pasanggoepanana, sapĕrti: rek *ngimahan*, rek *makean* djeung salian ti eta. Lamoen loenta ninggalkeun pamadjikan dina sadjĕro tiloe boelan, teu



karana aja basa-basa, teu mere *nafakah* sarta teu ngadjalankeun kawadjiban-kawadjibanana lian ti eta, noe djadi pamadjikan aja hak geusan ngenta pangadilan hoekoem ..... dj.s.t.

c. *Hoekoem*: Hoekoem teh ngawěngkoe doea bagian:

1. *Hoekoem agama*.
2. *Hoekoem drigama*.

Tjontona:

Sakapeung dina prakna ngabagikeun warisan teh, hěnteu noeroetkeun *hoekoem agama* (papagon-papagon noe kaoengěl dina kitab), oepamana bae bagian anak lalaki doea kalieun bagian anak awewe dj.s.t., tapi koe panoehoenna ahli waris, soepaja boh awewe boh lalaki nampa bagian anoe saroea, tęgěsna hěnteu dibeda-beda. Hal ieu didjalankeunana noeroetkeun *hoekoem drigama*, tęgěsna dibeberep noeroetkeun kahajangna ahli waris, disaksian koe panghoeloe atawa koe wawakilna.

Djaba ti anoe ditataan bieu, loba deui tjonto-tjontona anoe sedjen.

(Ilikan: *Adat njoenatan, Adat kawin, Talek panganten* dj.s.t. dina „*Bab adat-adat oerang Priangan djeung oerang Soenda lian ti eta*” karangan R. H. Hasan Moestapa).

Tina hal *tatanagara* oge hěnteu soewoeng koe pangaroeh Islam. Radja-radja oepamana, apan didjadikeun *chalifatoe'llah*, para boepati geuning djadi *oeril amri*. Maksoedna, sangkan noengtoen djeung ngamadjoekeun rajat anoe agamana agama Islam.

Pagawe kaoem, ongakah aja rengrenganana:

Panghoeloe, asesor, imam, modin dj.s.t.—, anoe papantjenna ngadjalankeun, ngaraksa djeung ngariksa sagala roepa anoe aja patalina djeung agama.

Sakapeung sok aja dongeng, anoe něrangkeun, jen bangsa priboemi ditikah koe bangsa Arab. Maksoedna kawasna, sangkan agama Islam tambah něrkab sarta tambah dipikarěsěp koe oerang priboemi.



djeung dipětakeun kana dirina,  
soepaja mangke hade djadina.

Lamoen geus kolot pinasti moekti,  
radjin djeung pintěr hěnteu soemakti,  
dina tjarita ieu geus boekti,  
anoe daekan djeung anoe soemakti.

Oemar Sanoesi djieun toeladan,  
moerangkalihna teu barebedan,  
hěnteu pěrtjaja ka goeroe edan,  
tēměn djeung wěkěl sarta tjoetjoedan.

Ahirna djadi soedagar moelja,  
mantaran ka radja noe moelja-moelja,  
loeloes lampahan prabot sadia,  
salamět tina sagala baja.

Anoe sok moengpang woeroek sěpoehna,  
tjara noe tiloe mangke djadina,  
Djapar Noeroedin djeung katiloena,  
Seh Abdoelkarim tea ngaranna.

Tiloeanana taja ladjoena,  
soesah masakat salalawasna,  
saoemoer-oemoer taja ngeunahna,  
deog djeung petjak bae bandana.

Ĕnggeus tetela kabina-bina,  
elmoe sibir teh kitoe djadina,  
matak tjilaka salalawasna,  
ana ditjoba taja boektina.

Nabi ngawoeroek ka oemat-oematna,  
elmoe sibir teh haram hoekoemna,  
ti baheula datang ka ajeuna,  
teu pisan matak moelja djadina.



Sabeunang-beunang koedoe singkahan,  
 oelah rek rēsēp koekoesoemahan,  
 anak intjoe teh koedoe pagahan,  
 leuwih hade koeli njiar oepahan.  
 Hoekoemna halal taja tjatjadna,  
 sabab rēdjēki ladang kesangna,  
 laoen-laoen djadi beungharna,  
 lamoenna leukeun bisa neundeunna.  
 Karana lamoen hese ngalana,  
 nja kitoe deui hese bidjilna,  
 tina karasa hese tjapena,  
 tangtoe diitoeng oentoeng-roegina.  
 hēnteu soesah pandjang tjarita,  
 sadajana oge geus manggih njata,  
 noe meunang waris poesaka harta,  
 babari leungit sakitjeup mata.

(Tjarita Abdoerrahman djeung Abdoerrahim).

Tah kitoe wandana *sja'ir* teh, beda deui djeung wanda kasoesastran dina djaman Hindoe.

Djaba ti eta pirang-pirang kětjap wēdalan Arab anoe dipidangkeun di dieu, saperti: *Oemar Sanoesi, ahir, salamēt, Djapar, Noeroedin, Seh Abdoelkarim, masakat, oemoer, elmoe sibir, nabi, oemat, haram, hoekoem, halal, rēdjēki, waris.*

N j a l a w a t t j a n d r a w a t i.

Memeh proeng njalawat, koedoe ngoekoes heula, dibaroeng koe djampena, anoe kieu pokpokanana:

Bismillahirrohmanirrohim.

Boel koekoes ratna dewata, dewata noe nanggeuj kembang, ratna kamara mēpēkan, mēpēkan para dewata, para dewata manana loengsoer, rek njanggakeun pangabakti, pangabakti anoe pasti, panēda ka para dewata, noe nitih di lēmah poetih.

.....



Sanggeus ngoekoes sarta tamat mapatkeunana djampena, kakara nindak kana bagian njalawatna.

Bismillahirrohmanirrohim.

Tjarita Nji Tjandrawati, basana eukeur di doenja, djadi ratoe widadari, djadi rabina wong moe'min.

Djadi goesti soeka Allah, ngoedang ka poerana widoeng, ngoedang Njai Tjandrawati, kawih kami ka-heujeukan.

Ka taniaan toeroen moerba, ka boemi sang paratiwi, poehatji nagana gini, poehatji poetjoeking iboen.

Poehatji robaning angin, noe tapa di Kahijangan, noe ngasoehan Tjandrawati, hatoeran Nji Lokatmala.

Anaking Nji Tjandrawati, asoep ka sang patan djala, ka boemi sang paratiwi, pada ngasorangkeun tineung.

Di boeana pantjatengah, ngalahir Nji Tjandrawati, amboe para nene rampes, singkahkeun katjeutjeub kami.

Tjeutjeub di noe sing sërwa soengkan, ngeujeuk di malëm Djoemaah, di noe mëteng sore-sore, ngalawajan bari njangoendjar.

Noe ngëtek saboeka siang, sabab tjoendoek isoek-isoek, datangna saboeka siang, tjeutjeub kami ka noe ngamoek tinoen.

Tjeutjeub kami ka noe nendjrag sare, ka noe ngakeul ngala keupeul, ka noe leumpang sing sarwa soendag, ka noe ngëboetkeun sindjang di geusan.

Tjeutjeub ka noe ngirabkeun ramboet di goah, njoëh-keun godong koe tangan, tjeutjeub kami di noe meuleum kanteuh, tjeutjeub kami di noe meuleum ramboet.

Ka noe meuleum pangdjoedjoetan, di noe meuleum pantjar bitoeng, tjeutjeub kami di noe gëloeng djoetjoeng, tjeutjeub ka noe ngaloengkeun pakarang.

Saoerna Nji Lokatmala, anaking Nji Tjandrawati, rampes ka boemi noe soetji, boemi soetji lëmah poetih.

Kasoetjian Tjandrawati, amboe para nene rampes, koe kami diimpi-impi, ajeuna amboe geus soemping.



Djawaban: Saha itoe noe ngalantoeng.

Beunang sakoekoedoeng woeloeng, beunangna sabeu-  
beur beureum, sakekentjeh kanteu koneng, beunang  
sakarembong hedjo.

Saoerna Nji Tjandrawati, djangdji Nji Haroemananga,  
tjawisan hapitna djati, tjaorna dawolong tjondong.

Toendjangan boengboelang peuntjang, soeri awi tali  
noenggal, taropong tamiang sono, kintjirna ki djoelang  
ngora.

Kisina koe pinang tjolat, gedogan djati koemilis,  
djingdjingan koe pinang gading, limboehan koe kajoe  
arëng.

Barerana roejoeng langkap, soedjina hajam kabiri,  
tjipangoelas tjai anjar, oelah make tjai bari.

Bisina diinoem oetjing, bisina datang longlongan,  
larangan Nji Lokatmala, bisi datang balangbengsal.

Djawaban: Lailahailallah Moehamadoerrasoelloellah,  
indoe dingding moala djari lala moala.

Poehatji nagana gini, ngaran dewata djoedjoetan,  
indoe dingding maola djari lala maola dj.s.t.

.....  
.....

(Poesaka Soenda taoen 1926).

Sakalieun tjonto mah, sakieu ge tjoekoep. Koe saliwat oge geus  
tetela, jen Kasoesastran Soenda di dieu geus kasosok koe pangaroeh  
Arab.

Ajeuna oerang neroskeun hantja, nitenan tjonto-tjontona anoe  
sedjen.

### ADAT BOEHOEN.

Noe rek ngahoe ma.

Memeh njatjar pihoemaeun, djoeroe tani sok sandoek-sandoek  
heula sakalian bari menta idin ka noe ngageugeuh leuweung, anoe  
rek dihoemaan tea. Soeboeh-soeboeh indit ti imahna, sadatangna



ka sisi leuweung, gek dioek tēroes 'koewas-koewēs mapatkeun adjian, anoe kieu pokpokanana:

„Bismillahirrohmanirrohim, Nji Oesoek-oesoek boemi, Aki Oesoek-oesoek boemi, manjoesoep boemi pakoean, sri angko woeloe toempoeck timoer tatar wetan, nja di dieu lēmah poetih pipareeun, sri bangbēng sri boedjang ka kidoel istan! istan!”

Sabadana toeloelj ngomong kieu:

„Ēngke peuting hajang dipangdatangkeun dangiang di dieu, sarta mangka mere alamat ka aing, dibikeun diboeka leuweung ieu atawa hēnteu?”

Lamoen pamentana koe dangiang noe ngageugeuh leuweung tea dikaboel, djoeroe tani sok ngimpi aja noe mere laoek atawa barang lian ti eta. Tapi moen teu kaidinan, manehna ngimpi gēloet atawa pasea.

Oepama impijanana hade, tēgēsna baris dikaboel sapanēdjana, sanggeus doea atawa tiloe poē sabadana ngimpi, djoeroe tani indit deui ka leuweung anoe dipenta tea, mawa arit djeung sarat-sarat, saperti: mēnjan, sapoe njere djeung panglaj. Sadatangna ka dinja, pek ngababad djoekoet saeutik, kira pitjoekeupeun pikeun dioek sila. Dioekna disarapan (disasarap) dangdaoenan, minangka samakna. Njanghareupna noeroetkeun sakasoekana bae, ka koelon ka wetan oge taja halanganana.

Boel manehna ngoekoes, kieu doana:

„Boel koekoes aing koekoes toendjoeng, hidajatoellah, mangkana njoeroep ka noe lēmboet, mangkana njērēp ka noe lēnjēp, sakiwari ieu hajang diaoeb koe loehoer, didjajak koe malaikat, didoe'akeun koe wongatoea koe loeloehoer koela, koe Goesti koela, Walipoelih, noe aja di boemi, noe rēmat noe aja di langit, sakiwari ieu hajang dibere daradjat koe Allah. Kai Soengsang ti majoengdjang sagala sakti, kaoela ngahiras gawe ka Ratoe Batara Toenggol, pangdjagakeun siloeman-siloemanana noe aja dileuweung ieu, oelah sok iri dēngki, rek dipake kahiroepan leuweung di dieu.”



Sabadana, lēboe mēnjan teh diroeang dina palēbah oeroet maneh-  
na diqek; geus kitoe meuweung panglaj sarta dimana geus lēmboet,  
tēroes diboerakeun bari toeloej ngadoa deui, kieu pokpokanana:

„Bismillahirrohmanirrohim, poetra Nabi Soleman kang  
dadi katjeseh noe aja di awang-awang Pangeran  
Jadattoellah, poenika poetra Nabi Soleman kang dadi  
oraj Raden Gandatoellah, poenika poetra Nabi Soleman  
kang dadi matjan Raden Mangoendjaja, poenika poetra  
Nabi Soleman noe aja di koelit boemi Raden Gandatoel-  
lah, poenika poetra Nabi Soleman noe aja di dasar boemi  
Raden Moerdatoellah, poenika poetra Nabi Soleman noe  
aja di koelit banjoe Raden Rekamaja, poenika poetra  
Nabi Soleman noe aja di dasar banjoe Raden Majareka,  
roh kajoe, roh boemi, manoesa asih ka dewa, dewa asih  
ka manoesa, istan! istan!”

„Asihan aing asihan Nabi Soleman, koela njoehoenkeun  
idin, njoehoenkeun rido, salamētan, rēdjēkina, koela rek  
njeun tēgal kahiroepan dina leuweung ieu” dj.s.t.

.....

.....

(Poesaka Soenda taoen 1926).

Tjonto-tjonto anoe ditataan bieu teh, kapērtjajaan Soenda di  
djaman boehoen, tapi sanggeus gēlar agama Islam, djadi robah  
pasipatanana, basana gerengsel pinoeh koe Arab, nēpi ka siga  
kapērtjajaan Islam, toerta ari saēnjana mah ngan oekoer djadi  
*kabiasaan* ari ajeuna mah. Ieu teh teu beda djeung djangdjawokan  
(djadjampean) anoe sok dipapatkeun dina waktōe moepoehoenan  
(mitēmbējan diboeat). Apan eta teh lain kapērtjajaan Islam, tapi  
kapērtjajaan Hindoe. Ari ajeuna, noe matak loba keneh noe sok  
ngadjaralankeun teh, doemeh geus djadi kabiasaan tea bae.



## NJALAWAT.

(Kawih tĕrĕbang djamdjami anoe kapanggih di wĕwĕngkon Tjiamis).

## K a w i h t ĕ p a k m o e n g g a r a n .

.....  
Kikis ngĕlir djaro djati, tobat teuing,  
saralak panglemor bae.  
Toehan toeloeng-tinoeloengan, tobat teuing,  
badan aloes sarta iman.

Oelah ilaha ilallah,  
djari oelah ilaha ilallah.  
Moehamadoen rasoeloellah,  
djari Nabi Moehamad kakasih Allah.

.....

## K a w i h t ĕ p a k k a d o e a .

.....  
Hi bismillah taohidan,  
hi bismillah taohidan,  
hi bismillah taohidan,  
hidan hidan lillah.

Oelailaha ilallah,  
oelailaha ilallah,  
Moehamadoen Rasoeloellah,  
dingding maola lalamaola.

.....

## K a w i h t ĕ p a k k a t i l o e (g o b j o g) .

.....  
Bismillah pamoedji oeloen hoe Allah,  
nĕda agoeng nja paraloen hoe Allah,  
ka loehoer ka Geusan Oeloen hoe Allah,  
noe ngageugeuh aloen-aloen hoe Allah.



Ka handap ka para wadija hoe Allah,  
menak koering noe araja hoe Allah,  
nēda ma'loem bilih aja hoe Allah,  
sareh oeloen rek ngawitan hoe Allah.

Oelailaha ilallah ilallah,  
oelailaha ilallah ilallah,  
Moehamadoen rasoelloellah ilallah,  
ja Allah ja rasoelloellah ilallah.

.....

Djeung loba-loba deui, da poegoeh ari pēta tea mah aja kitabna,  
ieu mah ngan oekoer sakalieun tjontona bae, maksoedna geusan  
netelakeun jen pangaroeh Arab dina Kasoesastran Soenda teh,  
nērkab dina oenggal bagian.

#### Sisindiran.

Kěmbang katjang kěmbang wera,  
kěmbang sirotolmoestakim;  
ěmboeng ngandjang ka mang Wira,  
bongan sok digogog andjing.

.....

Sisindiran anoe bieu teh dikawihkeunana koe *boentjis*, nja eta  
sabangsa *roedat*. Tatabeuhanana angkloeng, ari noe ngamenna  
oerang pilēmboeran bae.

Lian ti noe geus ditataan di loehoer, pirang-pirang deui tjon-  
tona anoe sedjen, anoe netelakeun, jen pangaroeh Arab dina  
Kasoesastran Soenda teh hēnteu saeutik.

Dina poepoedjian, dina tjarita-tjarita babaran agama oepamana  
basana teh apan direumbeuj koe basa Arab.

Kalimah-kalimah anoe dipapatkeun dina waktōe sambeang  
djeung oenak-anikna lian ti eta, sarerea oge njarahō, geuning  
sagēmlēngna bae basa Arab.

Tjonto-tjontona anoe sedjen, moal ditataan kabeh, da ěngke oge  
baris kasampeur deui.



### C. DJAMAN ISLAM

#### Sanggeus keuna koe pangaroeh Mataram.

Kira-kira abad ka 17. (Masehi), ti wangkid Soenda keuna koe pangaroeh Mataram, Kasoesastran Soenda teh robah deui wandana katoet pasipatanana. Nja ti waktos harita, di tanah Soenda aja atoeran ngadangding anoe winangoen *pada sarta pada* ngawengko sababaraha pada-lisan, anoe gëlar dina roepa-roepa poepoeh, saperti:

poepoeh *sinom, asmarandana, dangdanggoela, kinanti, pangkoer* djeung salian ti eta.

Nja kitoe deui tjarita-tjarita wajang anoe *gëlar* dina wawatjan. Basa *sandi* oge, nja ti wangkid harita ngamimitianana aja dina Kasoesastran Soenda teh.

Samemeh ngaberendelkeun tjonto-tjontona, oerang mapaj heula raratanana, naon sabab-sababna djeung koemaha pëtana, noe matak Soenda keuna koe pangaroeh Djawa, boh *adat-kabiasaanana*, boh *kasoesastranana*.

.....

Kasoesastran Soenda kasosokna koe pangaroeh Arab teh baba-koena pisan koe kasiatna agama Islam, anoe dirintahkeun koe oerang Arab djeung koe bangsa Soenda anoe geus mareunang wiridan agama.

Koemaha ari pangaroeh Djawa?

Di Soenda moal boa, tangtos pabalatak pangaroeh Djawa teh, sabab kadjaba ti natangga teh, koengsi ngalaman kaëreh koe Mataram deuih.

Kadjaba ti eta aja deui anoe përlöe katjaritakeun katëranan salah sahidji boedjanga tina përkara kasoesastran, anoe bisa dipake pieunteungeun kana adëgan Kasoesastran Soenda bisana meunang pangaroeh Djawa, nja eta anoe kieu oengëlina:

Pirang-pirang dongeng, boh anoe patali djeung adat kabiasaan, boh anoe njabit-njabit përkara agama, anoe dibarawa koe bangsa



Hindoe ka poelo Djawa, ajeuna beunang disēboetkeun djadi banda sarerea, meh djadi soesoegoeh tjarita dina oenggal rioengan. Tapi geus ilahar pisan, adat kabiasaan teh lila-lila mah sok djadi robah, lantaran pangaroehna priboemi djeung katepaan pangaroeh deungeun; tah kaajaan di poelo Djawa oge nja kitoe pisan. Tapi ari noe djadi loeloegoena mah biasana katara keneh bae, sanadjan njoempoet boeni, karimboenan koe pangaroeh anjar tea oge. Leun-djeuranana dongeng-dongeng oge robahna nja saperti anoe disēboetkeun bieu tea bae. Djaba ti eta, pėrkara sedjen-sedjenna oge, loba nakėr robahanana teh. Tjarita-tjarita anjar karangan Djawa, anoe eusina njaritakeun roepa-roepa kadjadian di tanah Hindoe, sok dipapantės, disoesoeroep, nėpi ka sagala roepana tjara kaajaan di poelo Djawa; nja kitoe deui adat kabiasaan koena sok diganti koe noe anjar.

Tah, pangaroeh Hindoe ka Djawa teh, taja bedana djeung pangaroeh Djawa ka Soenda. Malah oepama bieu dina katėrangan boedjangga tea kėtjap-kėtjap „*Djawa*” diganti koe „*Soenda*” sarta „*Hindoe*” diganti koe „*Djawa*”, soeroep teh teuing, ninggang ěnja kana saboektina.

Anoe djadi lantaranana, noe matak pangaroeh Djawa, babakoena dina djaman Mataram, bisa asoep ka Soenda katoet kana kasoesastranana, ieu di handap diberendelkeun:

- a. Boepati-boepati djaman harita koedoe toegoer di Mataram. Geus tangtoe pisan di ditoena koedoe noeroetkeun tata bangsa Djawa.
- b. Soerat-soerat dinės anoe patali djeung paparentahan, ditoelis koe basa Djawa.
- c. Papakean koedoe noeroetkeun bangsa Djawa, sangkan njoemponan kana papagon kadinėsan.
- d. Adat, tatakrama djeung sabangsana.
- e. Loba oerang Soenda anoe sarakolana, malasantrenna ka Djawa.
- f. Tjarita-tjarita djeung lalakon-lalakon anoe djadi pangiroet, hėnteu saeutik.



Alam harita, boepati-boepati djeung para prijaji, noeroetan djeung noeroetkeun pasang pĕta djeung tatakrama doenoengan teh, lain pedah koemawoela bae, tapi koe sabab kairoet deuih, nĕpi ka djorodjoj hate rĕsĕp, hajang noeroetan sagala roepana.

(Ilikan boekoe: Nji Sarangkana katja 40.  
Mantri Djĕro djilid ka II „ 6.  
Wawatjan Dipati Imbanagara „ 66).

Tjatjakan dina alam harita mah anoe djadi pagawe di oerang teh lain Djawa, tapi sakitoe njosokna pangaroeh Djawa teh, sok komo teuing lamoen noe djadi pagawena rea Djawana mah, tjara kajaan pamarentah kabeh-dieunakeun. Harita ngan oekoer noe sok njatjahkeun atawa noe djadi oetoesan Soeltan bae anoe sok datang ka tanah Soenda teh, ari anoe sedjenna mah tara aja anoe sok loenta-lanto ka dieu.

Atoeh oerang dieu anoe malasantren ka Djawa, ana geus daratang ka lĕmboer-lĕmboerna, toeloej tarĕtĕp tjaritjing di dinja, sagoeloeng-sagalang toer rereana toeloej djaradi panoengtoen atawa kokolot batoerna salĕmboer, bari sakalian ngawiridkeun elmoena beubeunangan masantren ti Djawa tea.

Koe sabab eta, geus moal salah deui, tangtoe pabalatakna pangaroeh Djawa teh. Lantaran geus mangpirang-pirang taoen, nĕpi ka hese pisan misahkeunana.

Djaba ti eta, kĕtjap-kĕtjap Djawa anoe geus djadi basa priboemi teh, wandana meh taja bedana djeung kĕtjap-kĕtjap Soenda. Hal ieu hĕnteu matak kaget, da poegoeh ari pĕta tea mah toenggal sahoeloe wotan. (Ilikan *Parama Sastra Soenda*, pasal: *Beuti pamĕlaran basa Soenda*).

Pikeun nitenanana, mana pangaroeh Djawa, mana noe lain noe aja dina kasoestran Soenda, lain pĕrkara loemajan. Soepaja oerang bisa nangtoekeunana, mana pangaroeh tatangga djeung mana anoe lain tea, oerang pĕrlloe njaho bĕnĕr kana pitoein Soenda. Oepama geus kanjahuan priboemina, kakara ĕngke oerang bakal bisa papanggih djeung semahna.



Sangkan bisa leuwih gampang nangenanana, geusan mapaj raturan bagbagan basa teh, oerang koedoe ngabandingkeun *Soenda ajeuna* djeung *Djawa koena*. Anoe pěrloe dititenan koe oerang nja eta *oenina kětjap*, *hartina kětjap*. Kaajaan oenak-anikna basa, tangtoe pisan rea robahna, saperti: robah dina *sora*, robah dina *harti*, dina *wiandjana* djeung robah dina *rarangkenna*.

*Tjontona:*

- I. a. *Kětjap-kětjap Soenda* anoe *saroea oenina* djeung *saroea hartina* djeung *Djawa koena*:

<i>tjita</i> (tjita-tjita)	dina	<i>Djawa koena</i>	<i>tjita</i> .
<i>langgěng</i>	„		<i>langgěng</i> .
<i>sěděp</i>	„		<i>sěděp</i> .
<i>kari</i>	„		<i>kari</i> .
<i>doeka</i>	„		<i>doeka</i> .
<i>hoeloe</i>	„		<i>hoeloe</i> .

- b. Anoe *saroea oenina*, tapi rada beda ngalarapkeunana, nadjan *hartina* mah saėnjana *saroea keneh*:

<i>malės</i> dina	<i>Djawa koena</i>	<i>malės</i>	= ngadjawab.
<i>watangan</i>	„	<i>watangan</i>	= kamar paranti noe ngadeuheus.
<i>woejoeng</i>	„	<i>woejoeng</i>	= amběk. dj.s.t.

- c. Anoe *hěnteu saroea oenina*, tapi *hartina* mah *saroea*, da asalna *sadjangkar keneh*:

<i>euweuh</i>	dina	<i>Djawa koena</i>	<i>awěh</i> .
<i>tembong</i>	„		<i>tambwang</i> .
<i>seureuh</i>	„		<i>sěrěh</i> .
<i>boeroek</i>	„		<i>oroek</i> .
<i>soegoeh</i>	„		<i>sěgěh</i> .
<i>aloes</i>	„		<i>alijoes</i> .
<i>deuleu</i>	„		<i>děleu</i> . dj.s.t.



d. *Saroea hartina* tapi robah wiandjanana:

<i>hoedjan riboet</i>	dina Djawa koena	<i>oedan riwoet.</i>
<i>batoe</i>	„	<i>watoe.</i>
<i>ngalih</i>	„	<i>malih.</i>
<i>malah beuki ngewa</i>	„	<i>alah mangkin hewa.</i>
<i>tjangtjaja</i>	„	<i>sangsaja. dj.s.t.</i>

e. *Robah rarangkenna*:

<i>ngawangoen</i>	dina Djawa koena	<i>amangoen.</i>
<i>nendjo</i>	„	<i>manindjo.</i>
<i>disanggap (ditarima)</i>	„	<i>tinanggap.</i>
<i>dipëgëg</i>	„	<i>pinëgëg.</i>
<i>sidakëp</i>	„	<i>masidakëp.</i>
<i>diondang</i>	„	<i>hinoendang.</i>
		<i>dj.s.t.</i>

Nilik berendelanana anoe kasëboet dina tjonto tea, di Soenda mah geuning rea keneh nakër këtjap-këtjap Djawa koena, anoe masih dipake sapopoë. Ajeuna kanjahoran, horeng koerang bënërna disëboetkeun këtjap-këtjap Soenda meh sakabehna asal ti Djawa teh. Moal boa, tangtoe ari rea tea mah këtjap-këtjap wëdalan Djawa teh, lantaran pangaroehna tea, tapi hënteu kabeh asalna ti dinja.

Noeroetkeun ahli kasoesastran (*Toelisan Sëbaran* djilid IX katja 261), Soenda mah malah leuwih kolot ti batan Djawa koena, da saoerna, loba këtjap-këtjap Djawa koena anoe geus tanpadaksa, lantaran aja kakoeranganana, nja eta aja babagianana këtjap anoe dipitjeun, da ari tadina mah djëdjëg tea; gëmlëngna nja kapanggih keneh dina Soenda.

*Tjontona*:

Këtjap mangsö oepamana, di Soenda mah mangseuh; dina Djawa koena geus leungit *h* na, padahal ari asalna mah — saoerna — eta këtjap teh koedoe make *h* di toengtoengna.

*Tis*, apan *tiis* di Soenda mah, make aja *tirisna* sagala (*Toelisan Sëbaran* IX katja 261).

.....



Kětjap-kětjap anoe saroea djangkarna, leuwih hade pada ngakoe bae, ěntong disěboet tironan. Tjontona:

*loenggoeh, linggih, lĕnggah, dawoeh, rawoeh, laboeh*  
dj.s.t.

Tadi oge hĕnteu dipoengkir, jen di Soenda teh pirang-pirang ari kětjap wĕdalan Djawa tea mah, anoe geus teu karasa semahna malah sawareh mah. Tjontona:

*aloes, loenga, saorana, ditakonan, wong akeh, wajang*  
*wong* dj.s.t.

Sangkan atra kanjahuan, mana noe Djawa, mana noe lain, pĕrloe koe oerang dipĕtel diberendelkeun tjonto-tjontona anoe aja patalina mah.

*Ajeuna oerang titenan heula kětjap-kětjapna:*

a. Kětjap Soenda anoe sadjangkar djeung kětjap Djawa, tapi beda larapna paramasastra. Tjontona:

*lih:* ieu djangkar kětjap Soenda saroea djeung Djawa, Roendajna di Soenda djadi; *ngalih, tolih, pilih, moelih, poelih, silih*. Tah, noe kieu mah kětjap Soenda kabeh oge, lain tironan.

*ton:* roendajanana *katon* = katembong.

*Katon* di Soenda mah teu dipake, da tara aja noe ngomong kieu. „Teu *katon* di dieu mah.” Tapi ari: *nongton, pinton, tongtonan, panon* mah, Soenda pitoein.

b. Kětjapna sadjangkar, tapi djadi beda oenina, sapĕrti:

*Seuneu* (Soenda).

*Soenoe* (Djawa).

*Sang soenoe*, nadjan sok dipake oge dina wawatjan-wawatjan Soenda, eta tĕtĕp bae koe oerang teu beunang diangkĕn Soenda.

c. Saroea kětjapna, beda larapna, nadjan saĕnjana ari hartina mah teu atjan pati ingkar ti asal:

*heman* (Soenda), dina omongan: „Eta mah si Ejo, koe *heman* ka indoeng teh”.

*heman* = gĕten, talikoer.



*heman* (Djawa) = lëbar, njaah, moen di Soenda mah.

*doengkap* (Soenda) = dongkap, datang.

*doengkap* (Djawa) = meh.

Sampoen *doengkap* djam 12 = meh taboeh 12.

Lian ti anoe geus diberendelkeun bieu, loba deui tjonto-tjontona anoe sedjen anoe gëlar dina:

*dangding, basa lantjaran, paribasa, sisindiran, pakëman  
basa, soerat-soerat, djängdjawokan, asihan* dj.s.t.

.....

Ajeuna oerang nëroeskeun hantja, nitenan wandana *Kasoesastran* Soenda dina *djaman Islam* sanggeus keuna koe *pangaroeh Mataram*, bari sakalian oerang pëtél pangaroeh-pangaroehna tea, anoe ajeuna dianggap geus djadi banda Soenda.

### DANGDING.

Ngadangding ngagoerit tëmbang, lain atoeran Soenda, tapi padika wëdalan Djawa ari asalna mah. Di oerang oge saënjana mah aja dangding teh, oepamana bae dina bagian *papantoenanana* dina tjarita-tjarita pantoen. Oenggal-oenggal padalisan didjadikeun koe 8 ëngang. Ngan atoeran ngabagi-bagi *poepoeh* (*Asmarandana, Sinom, Kinanti* dj. s. t.) djeung *pada*, anoe euweuh di Soenda teh. Ieu mah gëlarna, sanggeus Soenda keuna koe pangaroeh Djawa.

Geura ieu di handap oerang berendelkeun tjonto-tjontona, ambéh bisa atra kanjahoan *djënglenganana*, bari sakalian oerang titenan *basana*.

### MANGGALASASTRA

(pangangkat tjarita).

D a n g d a n g g o e l a.

Bismillahirrohmanirrohimi,  
koering sëdja moedji soebhan Allah,  
Pangeran saalam kabéh,  
Allah sipat qodiroen,  
noe kawasa teu aja deui,



tĕgĕs noe sipat qoedrat,  
 irodat djeung elmoe,  
 tina toehoe woedjoed toenggal,  
 koelhoeallahoeahad toehoe geus jakin,  
 koering teu pisan samar.

(Wawatjan Sadjarah Ambia, didangding koe  
 M. H. Moehammad Moesa Tjiamis, ditjitak taoen  
 1926).

.....  
 Bismillahirrohmanirrohim, astagfiroellahal'adim (3 ka-  
 li), min koeli danbin 'adimi, ..... djeung satoeloejna.

D a n g d a n g g o e l a.

Ĕnja ieu poerwaning pĕrkawis,  
 njarioskeun Kangdjĕng Nabi Adam,  
 goeroening djisim sakabeh,  
 samemehna loemoengsoer,  
 ti sawarga teu aja hidji,  
 eta noe ngaran djalma,  
 di doenja teh soewoeng,  
 barang geus toemoeroen Adam,  
 djeung garwana boga ĕsir rek papanggih,  
 pĕrang di pagoelingan.

(Wawatjan Sadjarah Galoeh, aksara Arab ka-  
 rangan M. Wangsadipoera Tjiamis, taoen 1910).

P o e p o e h H a s m a r a.

Pĕrkawis sĕkaring dangding,  
 djadjah loentoering poesaka,  
 dikarang Tjarios Lengkong,  
 mamrih langĕn paham nalar,  
 tatas titis tjarita,  
 kĕti laksa *noewoen* ma'loem,  
 soegri noe sami mamatja.

(Wawatjan babad Pandjaloe, karangan Rd. Pradja-  
 dinata, koewoe di desa Maparah, taoen 1939).

.....



## P o e p o e h S i n o m.

Ieu tjarita dikarang,  
 dianggit didjieun dangding,  
 tatapi basana djanggal,  
 pabeulit kasar djeung kawi,  
 tjara toelis noe ngimpi,  
 kawas tjatoer noe ngalindoer,  
 tapi soegan loemajan,  
 keur panjombo boedak tjeurik,  
 tamba ngawih hariring taja dangdingna.

(Wawatjan Radja Soedibya, karangan R. H.  
 Moehamad Moesa, aksara Soenda, taoen 1862).

.....

## D a n g d a n g g o e l a.

Dangdanggoela dapoering panganggit,  
 noe dianggit tjarita baheula,  
 lalakon anoe kasohor,  
 noe kamashoer disēboet,  
 Sang Sri Rama Pakoening Boemi,  
 dina djaman harita,  
 saboeana poendjoel,  
 oerang kotjapkeun ti heula,  
 ratoe boeta anoe ngēreh njakrawati,  
 nagri Ngalēngkadirdja.

(Sērat Rama, aksara Soenda, karangan R. A. A.  
 Marta Nagara, ditjitak di Sēmarang taoen 1900).

.....

## P o e p o e h A s m a r a n d a n a.

Sim koering diadjar nganggit,  
 njieun tēmbang basa Soenda,  
 tapina moetoeh koe awon,  
 wantoe beunang noe diadjar,



teu atjan paham Soenda,  
moen manggih basa noe koesoet,  
noe maos masing boedjangga.

(Wawatjan Ahmad Moehamad, aksara Arab, ka-  
rangan .....).

.....

Anoe diberendelkeun bieu teh, nja eta tjonto-tjonto *mangga-  
lasastra* (pangangkat tjarita) anoe winangoen *dangding*. Moen koe  
oerang ditenggetkeun, tangtoe baris kanjahoan, jen pokpokanana  
pangangkat tjarita beda deui djeung padika kaajeunakeun. Nilik  
tjonto-tjontona tadi, noe ngarang teh biasana sok sandoek-sandoek  
heula, sasadoe neda hampoera, bisi basana djanggal atawa teu  
loejoe djeung salian ti eta.

Ketjap-ketjap wedalan *Djawa*, ngan saekoer hidji-doea, oepa-  
mana ketjap *noewoen*; dina tjonto-tjonto anoe bieu, noe loba teh  
wedalan *Arab*.

Anoe djadi poko, ngaberendelkeun tjonto-tjonto di loehoer teh,  
babakoena pisan mintonkeun *manggalasastra*, anoe gelar dina  
*dangding*.

## BASA SANDI.

### K i n a n t i.

Anoe noelis *dja* katoendjoeng,  
*wa* tjampaka *ra* malati,  
*ja* tjampaka matining *ha*,  
noe eukeur diadjar nganggit,  
aja di dajeuh Limbangan,  
moegi-moegi maksoed hasil.

(Warna Sari karangan Raden Lenggangkantjana,  
taoen 1912).

Tah ieu tjontona *basa sandi*; hartina *rasiah*. Dina dangding  
anoe bieu aja *ngaran rasiah* (sandi asma), nja eta ngaran noe  
ngarang, anoe oenina henteu ditembrakkeun sahinasna. Djadi *sandi  
asma* teh boekaeun anoe maratja.

.....



Ajeuna oerang nĕroeskeun hantja, nja eta nitenan *basana*, anoe gĕlar dina *dangding*.

K i n a n t i.

*Poetĕr poetih wismeng panggoeng,  
Rĕngganis bĕndara mami,  
gĕlĕpoeng pilis wĕdana,  
soesoeloeng kang mĕdal endjing,  
sawoelan mangsa lipoera,  
jen doeroeng aliliron sih.*

(Wawatjan Rĕngganis, karangan R. H. Abdoelsalam).

Toeh apan sakitoe njosokna pangaroeh Djawa dina kasoesastran Soenda teh, nĕpi ka ngĕdalkeun sesebred oge koe basa Djawa, toerta di Soenda hĕnteu koerang sesebred geusan ngĕdalkeun hate birahi, dina mangsa nandangan brangta. Biasana oekoer doea-tiloe kĕtjap bae noe dipake teh, noe dipalar djadi bahan geusan manisan basa; ari ieu bĕt sagĕmblĕngna koe basa Djawa.

*Tjonto-tjontona noe sedjen.*

D n g d a n g g o e l a.

*Jen dipikir soemingkin kapikir,  
diwawaas sangsaja kagagas,  
paningkahna katon bae,  
jen barĕng soemping njaoer,  
sora aroem paningkah manis,  
noe matak djadi rea,  
istri noe kapintjoet,  
Kadarmanik soemawonna,  
wĕlas manah koe sabab diwoelang eling,  
koe atjeuk Argapoera.*

.....  
(Wawatjan Rĕngganis, karangan R. H. Abdoelsalam).



Sabar adil *ambĕk santa boedi*,  
 wĕning manah lampahna mandita,  
 ĕnggoning ngolah kaprabon,  
 ngan woengkoel noe dimaksoed,  
 mambrih abdi garĕnah pikir,  
 ngarah hardja nagara,  
 lakoe noe rahajoe,  
 nadjan *mapatah* marentah,  
 hĕnteu tinggal basa lisan boedi manis,  
 garĕnah karasana.

(Sĕrat Rama, karangan R.A.A. Marta Nagara).

.....

*Hingkang* sĕrat miwah salam taklim,  
 mĕdal *saking* ihlasing *wĕrdaja*,  
*kang* honĕng tanpa *wangĕne*,  
 tan pĕgat *rintĕn daloe*,  
*saking* ejang *kang* toehoe asih,  
 Rangka Soerjadingrat,  
 hoepdjaksa pangsoen,  
*soewita pradjeng* Limbangan,  
*kahatoera kang* wajah Kangdjĕng Boepati,  
*kang* mangkoe *hing* Soemĕdang.

(Sĕrat-sinĕrat).

### M a g a t r o e.

Dĕwi Sodja gantjangna diboeka tjindoeng,  
 barabaj pameunteu poetri,  
 imoet bari ngagĕljenjoe,  
 djiga widadari lahir,  
 dewata *tedjaning katōn*.

.....



## A s m a r a n d a n a.

Eusina moestika warni,  
 mēdaling *toja pawendra*,  
 noehoen njai anoe model,  
 poen ěngkang teh nēda maap,  
 wireh ngabēdah lawang,  
 lawang ěngkang anoe *ngaroem*,  
 roengroeman poedjaning atma.

(Wawatjan Ahmad Hoehamad, aksara Arab).

.....

## S i n o m.

Estoe sakti mandra-goena,  
 pilih tanding *hingadjoerit*,  
 ngěreh pirang-pirang radja,  
 soemoedjoedna *wēdi* asih,  
 tina manahna adil,  
 wěning manahna sang wikoe,  
 tapi iasa pisan,  
 ngabēbērah manah istri,  
 wantoe ratoe estoe těrahing koesoemah.

Djaga moen rek tjarogean,  
 goesti kědah nitik milih,  
 noe lēbēt kana tjatjandran,  
 satria opat pěkawis,  
 ari anoe kahidji,  
 noe koe tjatjandran disēboet,  
 satria lir *koekila*,  
 ari kadoeana deui,  
 noe disēboet satria *kadi wanita*.

Noe katiloe tjatjandranna,  
 satria *kadi rětnadi*,  
 silokana noe kaopat,  
*kang kadi tjoeriga* goesti,



djangkĕp opat pĕrkawis,  
 sadaja satria loehoeng,  
 mana noe djadi karsa,  
 jogja koe goesti dipilih,  
 kabeh oge pantĕs tjaroge oetama.

.....

(Wawatjan Angling Darma, aksara Soenda,  
 karangan R.A.A. Marta Nagara).

Sakalieun tjonto mah, sakieu oge tjoekoep. Nilik tjonto-tjontona  
 anoe diberendelkeun bieu, koe oerang kanjahuan, jen sakitoe paba-  
 latakna geuning pangaroeh Djawa teh.

Ajeuna oerang nitenan tjonto-tjontona anoe sedjen.

#### KĔTJAP-KĔTJAP NOE DIPAKE DINA AGAMA.

Dina katĕrangan babaran agama, babakoena pisan dina agama  
 Islam, nja kitoe deui dina agama ka-Djawaan, mani gerengsel basa  
 Djawana teh, sabab oerang Soenda baheulana loba noe masantren  
 djeung meunang elmoe ti Djawa.

Sapinah oepamana, apan disoerahanana teh koe basa Djawa,  
 sapĕrti:

alhamdoe	= oetawi sakehe poedji;
lillahi	= tĕtĕp kadoewe Allah;
robbil'alamina	= kang mangerani ing alam kabeh;
wah bihi	= lan ing Allah;
nasta'inoe	= noewoen pitoeloeng kawoela ..... djeung satoeloejna.

.....  
 Piwoelang Kiai Baji Panoetra ka poetrana,  
 Nji Rara Tambangras.

.....

„Geuning eulis, saer sĕpoeħ: istri ka tjaroge teh koedoe madĕp  
 njĕkĕl oegĕran tekad gĕnĕp pĕrkara, nja eta: *wĕdi, asih*, waspada,  
 satia, noeroet, soedjoed. Eta teh saroea bae djeung papagon toe-  
 hoena *kaola* ka Goestina, da nja eta mere djalan ka istri geusan



nėkanan wadjibna tea, koe ngabiasakeun ti ajeuna, salaki anoe dipake bahan, ngaragoem djeung kapėrloeana loeloes roentoet, mawa soegėma ti di dieuna keneh. Ana dibalikkeun ti lalaki ka istri, atoeh nja poegoeh wae matak lajeut, da lalaki oge ka Goesti teh mapaj papagon anoe gėnėp pėrkara keneh, toer kapan lamoen ka Goestina ěnja kitoe madėpna nintjak oegėran anoe gėnėp, atoeh ka papada *kaoelana* oge nja kitoe keneh, da koedoe lajeut tea teu meunang pasalingsingan, pratingkah ka *kaoela* teh eta njatana soedjoed ka Goesti. Tah tangtoe komo ka bodjona mah, moal boa deui, bakal aja dina kalangan anoe gėnėp tadi, ngaboektikeun soemoedjoedna ka Goesti tea. Geuning tjeuk toekang tjarita mah, lamoen oerang hajang njaho koemaha madėpna hidji djėlėma ka Pangeran, ka Goestina, atoeh intip bae sing tėlik koemaha njanghareupna hartina: pėtana, atina, taladjakna, djeung angkeuhna ka papada noe gėlar, ka sasama doemadi tjeuk Djawana mah. Oepama istri pamėgėt geus ngagėm pakėm eta oegėran noe gėnėp keur ka Pangeran tea, moal nėpi ka teu lajeut, da teu aja pisan mentjogna.

Ari eta babaran hidji-hidjina kėtjap, koemaha *wėdina*, koemaha asihna tea, montong diboeka deui koe ama, da geus pada tėrang, koe eulis oge geus katalar. Ngan tjindėkna: anoe djadi istri montong ngarėpkeun ditarima iman koe Pangeran, lamoen teu iman ka salakina ka papada *kaoela*, kana wadjibing kaistriana, atoeh lalaki nja kitoe keneh!”

Nji Rara Timbangraras toengkoel bae ngadangoe piwoeroek ramana teh.

(Tjėntini beunang njoetat tina Poesaka Soenda taoen 1926).

## NOE AJA DINA PARIRIMBON.

### A s i h a n.

Lian ti dina tjonto-tjonto anoe geus ditataan ti heula, pangaroeh Djawa teh kapanggih dina asihan deuih. Lamoen oerang rek nėpoengan kikindeuwan, memeh djoeng indit, koedoe mandi heula



sarta dina waktue mandi koedoe bari mapatkeun djangdjawokan anoe kieu pokpokanana:

„Oeroeb-oeroeb Rasoeloe‘llah, moeroeb mantjoer *ing* datoel‘llah, *ia isoen* manoesia sadjati *kang lanang* sadjati; kang ratoening kinasihan *dening wong*, la ilaha ila‘llah, Moehammad Rasoeloe‘llah.”

Sanggeus mandi, oelah oedjoeg-oedjoeg make papakean, tapi koedoe tjindoetroeng noeoes heula, bari mapatkeun djangdjawokan anoe kieu oenina:

„*Banjoe* koekoes *banjoe* noeoes, *banjoe* tjahja kadjajaan, *banjoe* kadjajaan Allah, nja keusik-keusik barëntik, nja tjadas-tjadas harerang, kahibaran kee tjahaja awaking ratoe asihan.”

Ari geus toeoes, kakara make papakean sarta sadatangna ka imah, prak ngaminjakan boeoe, (lalaki baheula ilahar ngaringoe boeoe tjara awewe), kieu djangdjawokanana:

„Minjak aing minjak watoe, beunang goegoeroe ti ratoe, seuweu ratoe djadi roesoeh, seuweu menak pada hajang, pada hajang ka awaking, awaking ratoe asihan.”

Sanggeus diminjak, pek njisiran, kieu djangdjawokanana:

„*Sisirkoe* si tjëtring manik, *oentoene* ratoe kasihan, kanggo *dening* dewata sawarga lika, *ja isoen* dewata saking sawarga loka”

..... dj.s.t.

(P.S. taoen 1926).

L a m o e n r é k n j a b a k a l e u w e u n g :  
Sëpi *ing banjoe*, rame *ing* daratan.

.....  
M e m e h b r o e s s i r a m :

Nawaetoe *adoes* talaga djati, sanak *papat* kalima badan, *banjoe* soeka badan soetji, moelia badan sampurna.



*Banjoe koekoes banjoe noeoes banjoe djaja kahe-  
rangan, banjoe moengpoeng, banjoe impoeng, banjoe  
koempoel djati deugdeug, dëmpok dëmploe. (Bari nëpak  
birit tiloe kali).*

.....

### T j a t o e r a n g a :

*Poenika amërtelaakën katoeranggane paksi bërkoetoet.  
Lamoen ana paksi oelës sëmoe abang, ingaranan  
bërama soeloe. Ala 'alamat gëring kang ngingoe.*

*Lamoen ana paksi poetih koekoene panoedoh sawidji,  
maka ingaranan bërama gana. Ala watëke adoh ridjkine.*

.....

.....

### A n o e p a t a l i d j e u n g a g a m a :

Isoen amimiti anëboet namaning Allah kang moerah  
ing doenja kang asih ing acherat; oetawi ikilah kitab  
anjatakakën kang ora kawasa ora sakit saking sakehe  
paraloe kang wadjib atas ing madhab Iman Sapii kang  
sinoeng rachmat dening Allah ingatase lan salam .....

..... dj.s.t.

Tjonto noe pangpandeurina, geus teu ditjirian deui, mana  
pangaroeh Djawa, mana anoe lain, da iwal këtjap-këtjap wëdalan  
Arab, koe saliwat ge kanjahoan, geuning meh kabeh bae këtjap-  
këtjapna teh këtjap Djawa.

Nja kitoe deui anoe kapanggih dina tjarita atawa kakawen  
wajang. Tontona:

### P a n g a n g o A r d j o e n a :

Dasar satria hing Madoekara, lalaki langit, lalanang  
djagat, kasep kadia Dewa Kamadjaja, pranjata satria  
tëroesing ratoe trahing koesoema, rëmbësing madoe



widjiling ngatapa, tĕdaking andana warih, anom dasare karĕngga hing boesono, mila dadia pandjanging kaki-doeng, pilih wanodya hingkang datan kasamaran mijat warnane panĕngahing Pĕndawa; haloesing boedi toer prawira hing ngajoeda, mila kinasihing iboe-rama, minangka sĕsĕkaring pradja hing Ngamarta.

Atoeh kĕtjap-kĕtjap anoe biasa dilisankeun koe dalang:

*tedja-tedja soelaksana; poerwa-daksina; mantjala poetra-mantjala poetri; bapa maling kalĕbon; mangga-poelia djeung rea-rea deui.*

#### NOE AJA DINA SOERAT.

Poenika hingkang sĕrat sajoegya kondjoeka hing pandjĕnĕngan Dalĕm Padoeka Kangdjĕng Goesti Kangdjĕng Dalĕm Toemĕnggoeng hingkang hanjakrawati saha hingkang apilĕnggah hing datoelaja panĕgari Anoe.

Satoehoesing sĕrat hing ngawios, kawoelanoen djisim abdi oendjoek oeninga, sarehning geus nampi noewala paparin Dampal Goesti sarĕng katoepiksa sadajana. Haprakwis Dampal Goesti ngadawoeh hojong matjangkrami linggih ka pakawisan djisim abdi, eta oendjoek djisim abdi sakalintang-lintang sae, sangĕt ngadjadikeun bingah hamarwata soeta ka djisim abdi kaoelanoen.

Kering hingkang sĕmbah soedjoed abdi dalĕm hingkang sĕtya toehoe  
poen Anoe.

(Tjonto-tjonto soerat anjar).

Tjonto anoe bieu teh, salah sahidji soerat anoe kapanggih dina „Tjonto-tjonto soerat anjar”.



Tah kitoe geuning wandana teh; alamatna oge pohara pandjangna, geus poegoeh deui ari basana mah, mani gerengsel Djawana teh.

Soerat anoe saroepa kieu teh, dina djaman harita mah kaasoep kana soerat anoe aloes tjėnah, toerta tjeuk rasa oerang ajeuna mah asa teu aloes teusing.

*Alamat* anoe sakitoe pandjangna teu sapadan djeung *eusi soerat* anoe sakitoe pondokna.

Atoeh kėtjap-kėtjap Djawana apan sakitoe gerengselna, komo dina bagian alamatna mah, geuning meh sagėmblėngna bae koe basa Djawa.

### NOE AJA DINA PAPAKĚM BASA.

Koe ingėtan, asa koerang koemaha kakajaan Soenda dina papakėm basa teh, tapi teu boeroeng bae kasėlapan semah ti Djawa, koe gėde-gėdena pangaroeh Djawa tea. Tjontona:

Iwak nangtang soedjen.

Ngoesik-ngoesik oela mandi, ngagoegahkeun matjan toeroe.

Moentjang laboeh ka poehoe, kėbo moelih pakandangan. Njaah doelang (doelang = hoeap).

Wong toea darma wiwitan, wong ěnom darma nglakoni.

Kidang ngamoek kantoen soengoe.

Bebek ngojor di sagara, rek nginoem neangan tjai.

Oenggoet kalindoean, gėdag kaanginan.

Teu ditari, teu ditakon.

Wėroeh sadoeroeng winarah.

.....

Kalong tjilik saba gėdang,

soemėdot rasaning ati.

..... dj.s.t.

Lian ti noe geus ditataan di loehoer, loba deui boekti-boektina anoe netelakeun, jen Kasoestran Soenda hėnteu saeutik kasusokna koe pangaroeh Djawa teh.



## POEPOEDJIAN:

Hajoe batoer oerang dikir,  
 nja dikir malēm Djoemaah,  
 soegan parēng nabi tjalik,  
 gandjaran di sawarēga,  
 aloes ati bisa ngadji,  
 bjar pandang bjar tjaang,  
 tjaangna salawe *isoen*.

.....

Bangsa sēpoe mah, saoetak-saeutik teh tara tinggal ti djampe  
 pamake, koedoe bae mapatkeun djangdjawokan atawa asihan  
 kinasihan. Tjontona:

## PANGABARAN.

Bismillahirrohmanirrohim.

1. Sang Ratoe Galoeh, tjahja ikoe njawa isoen,  
 moedik batara, batara nagara lana, batara naga pi-  
 roesa, boejoet pongpong boejoet songsong, sang ratoe  
 radja montjorong, ngareret ka wetan, retna manah.

2. Asihan aing siberoeng - poendoeng, boeroeng  
 keujang boeroeng boetjang, oraj laki ti pandeuri, ba-  
 dak galak datang dēpa, maoeng poendoeng datang  
 loenggoeh, laillah hailallah (dipapatkeunana tiloe kali).

3. Seuneu hoeroeng ti djaoehna, angin tarik ti  
 djaoehna, ale hare kaparepe, singlar sidēm ngadoe  
 haroe, koela dina sir kapēndēm kaboengkēm, koe  
 awaking sadjagat kabeh.

.....

4. Karēp sira mētoe saking ati poetih goeda maja,  
 mētoe saking baja poerbakawasa, mētoe saking ati poetih  
 poerbakawasa, mētoe saking djadjantoeng poetih ati sia  
 mati, baja sia mati, hamproe sia mati, lailah hailallah.  
 (Dipapatkeunana tiloe kali) .....

..... dj.s.t.



## KAHEMĚNGAN.

1. Angkat Allah leumpang djeung Allah, diiring koe Rasoeloellah, salallahoe 'alaihi wa sallam, ismoe toempĕng hadji mĕnĕng himĕng-himĕng, sira awaking.

2. Ini sirĕp aing sikaroentjang, pineuh boegang koe-dang aing, rĕp sirĕp aing, matana sidjoerigdjana, sidjoerigdjana arane boegang.

3. Tjlak herang karatjak herang, toengtoeng herang maja rarang, indoeng sia tjatjan djadi, bapa sia tjatjan aja, diais koe wali koening, diĕmban koe sang labocana, ngaran sang kama asih, asih ka awaking sadjagat kabeh.

4. Asihan aing wĕrat sadjagat, naga pabĕloet djeung bajoe naga, pabĕlit djeung angan, asmirah panoetoep hoerip eukeur seuri djeung pasisi, keur soeka djeung samentak, asihan aing djatining sĕmar.

5. Sabda himĕng kahimĕngan djoeroedjana, djoerigdjana ti boeboedak, djoeroe paling ti leuleutik, barangtjokot pakokolot, datang soeboeh sia boeroek, datang sore sia paeh, bajoe leuleus bajoe leumpeuh, ah leumpeuh koe pangawasa aing.

## DANGDAN.

Pĕtĕngkoe satjiploekoe, goeloekoe saliang djaroem, sikamanala sikamaija, kĕs ringkĕs kaparingkĕsan akoe, nini sĕra sati, aki sĕra sati, djaloek doa padang ati, kĕs ringkĕs bisa noelis bisa ngadji, ngadji soteh sadjĕroning ati.

## OEPAMA REK NĚMBANG.

Isoen anibakeun oeloek-oeloek pasonari, niba kajoe ragas, niba batoe bĕntjah, niba sĕgara saat, niba tjoepoe manik asta gina oerang dieu oerang lĕmboer, ngadenge aba sowarakoe, kadipingit dĕg njĕr samangĕr, pinggan



poetra ti bangselang, rēmĕk rēmĕpoer sitjabang baji,  
oerang dieu oerang lēmboer, ngadenge aba sowarakoe,  
tĕka dĕmĕm tĕka kangĕn, asih ka awaking; sikĕbo rang-  
gah ning ngiriling ngĕntik mĕngkene til pĕrĕntil saking  
Allah ta'ala, sikamanala sikamaija, dĕk mĕlĕng mĕlĕlĕng  
tinggal tjlog gag togog sir mĕntil.

.....

### RADJAH PAMOENAH.

Radjah aing radjah pamoenah, moenah kajoe moenah  
batoe, bisi aja pasir kagingsir, dipoenah koe radjah wi-  
sesa, bisi aja lĕmah kalangkah, tatjan ngadĕg boemi  
langit, ngaran sira dangdaratan, sanggeus ngadĕg boemi  
langit, ngaran sira ĕmpok-ĕmpokan, waras, waras noe  
ditawa waras noe nawa, goenoeng hawa paroeng hawa,  
noe kagoengan goenoeng galoenggoeng, tiis batan birit  
leuwi, tjombrek batan hate kole, tjĕp tiis tjĕp tiis; iboe  
nira rara wisa, sigabang mandjangan tjara, gagawean  
sidjagat tara, ah tawa.

.....

(Poesaka Soenda taoen 1927).

Goegoeritan noe geus ilahar sok dihariringkĕun di mana-  
mĕndi, anoe sasat geus djadi kabinangkitan oerang rea, da sasat  
geus djadi banda sarerea.

### KAKAWEN:

Gĕdong doewoer kari samoen,  
pagoelingan sĕpi tingtrim,  
gĕdong doewoer kari samoen,  
pagoelingan sĕpi tingtrim,  
pĕpĕtetan warna-warna,  
balimbing lan djĕroek manis.

.....

dj.s.t.



Toja midjil saking prangawangwang,  
 tinalangan ampel gading,  
 arine sėkar sawėning,  
 sakehe sėkar winoedji,  
 loeloemoet djėbad kastori.

.....

Koewoeng-koewoeng mėlėngkoeng ing langit,  
 tedja maja katon,  
 bintang<sup>2</sup> boelan lan srangenge,  
 mega irėng ingkang dadi,  
 goemoeroeh ing langit,  
 wis pada toemoeroen.

.....

Tjonto-tjonto anoe netelakeun pangaroeh Djawa dina Kasoesas-  
 tran Soenda, sakieu oge tjoekoep. Ajeuna geus ninggang kana  
 mangsana, geusan nitenan kaajaanana Kasoesastran Soenda, sang-  
 geus kasosok koe pangaroeh Koelon.

---



## D. DJAMAN KAAJEUNAKEUN.

sanggeus keuna koe pangaroeh Koelon.

*Tanah Djawa*, kitoe deui tĕmpat-tĕmpat sedjen di Indonesia, lian ti geus keuna koe Pangaroeh *Hindoe* djeung *Arab* teh, geus kamosok koe pangaroeh *Eropa* (Koelon) deuih.

Tanah Djawa kamosokna koe pangaroeh Koelon teh lain loemajan. Hal ieu teu matak kaget, da apan leuwih ti tiloe abad oerang *Eropa* ngaloembarana ka dieu djeung ngaradon boeboearana di dieu teh.

Waktoe anoe sakitoe lilana teh, koe oerang beunang dipasing-pasing djadi doea bagian anoe gĕde.

- I. *Alam pakoempoelan dagang*, ti taoen  $\pm 1600$  nĕpi ka taoen 1800. Alam anoe kasĕboet bieu, beunang disĕboet oge alam *Koempĕni*. Sagala paparentahan, atoeran-atoeran djeung salian ti eta, djolna nja ti Pamarentah *Koempĕni*.
- II. *Alam Goepĕrĕmen*, ti taoen  $\pm 1800$  nĕpi ka taoen 1942. Dina alam anoe kadoea, sagala paparentahan, atoeran-atoeran djeung papagon-papagon lian ti eta, djolna nja ti Pamarentah *Goepĕrĕmen*.

Nilik katerangan anoe bieu, tetela jen hĕnteu sakeudeung oerang *Eropa* — babakoena bangsa *Walanda* — ngalalakonna di oerang teh. Koe lantaran eta, moal boa, tanwande pangaroehna oge moal saeutik. Oepama koe oerang ditaloengtik, ĕngke bakal atra kanja-hoan, naon djeung koemaha pangaroeh Koelon teh.

Samemeh nitenan pangaroeh Koelon anoe gĕlar dina *Kasoestran Soenda*, pĕrloe nitenan heula pĕrkara-pĕrkara anoe sedjenna, anoe sakalian djadi bahan, geusan wangoenan *Kasoestran* tea. Atoeh da ari pĕta tea mah, nadjan lahirna siga misah oge, tapi ari batinna mah aja patoela-patalina, boh djeung bagbagan tatanagara, boh djeung kaoendagian, boh djeung pĕrkara-pĕrkara lian ti eta.

Ajeuna oerang nitenan kadjadian-kadjadian atawa robahan-robahan, anoe gĕlar koe pangaroeh Koelon tea.



1. Anoe kaasoeup kana bagian *hoekoem*. Sakalieun tjontona oepamana bae tina hal *kawin*. Biasana, noeroetkeun papagon Arab, ari kawin teh koedoe dirapalan koe *panghoeloe* atawa koedoe ka *masdjid*. Geuning aja sindir anoe oenina kieu: „Ah, narah abdi mah, ari tatjan ka *bale njoengtjoeng* mah!” Anoe dimaksoed *bale njoengtjoeng* di dieu, nja eta *masdjid*.

Bangsa santri mah beda deui pokpokanana, oepamana: „Ah ..... *teu kakoeroeng koe oesikoem*”, tēgēsna *teu ditikah*.

Sanggeus keuna koe pangaroeh Koelon, aja atoeran nikah hēnteu ka panghoeloe, hēnteu indit ka masdjid, tapi tjoekoep koe njieun kontrak (pěrdjangdjan) make *segěl*, disaksian koe sěpoeuh panganten.

2. Tjontona noe sedjen, oepamana bae tina hal *hak tanah*. Di Priangan-Wetan, ilaharna di desa-desa, sawah teh dibagikeun ka abdi-abdi, anoe katimbang mampoeh geusan ngadjalankeun kawad-jiban-kawadjiban nagara. Saoerangna kabagian 450 bata; di sawareh tēmpat, saoerangna teh kabagian 350 bata sewang. Atoeran kieu disěboetna *hak babarěngan*, tēgēsna sarerea pada ngabogaan hak geusan nampa sakitoe sewang ..... dj.s.t.

3. Tina hal *kabinangkitan gambar*, oendagi djeung sabangsana, teu koedoe ditjaritakeun deui, da poegoeh koe sarerea oge geus kanjahoan.

4. Koemaha ari *bagbagan tatanagara*?

Hal ieu moal pandjang ditjaritakeun, da lain di dieu pitēmpateu-nana, ngan sakalieun tjontona, oepamana bae tina hal: *kaloenggoehan boepati*.

Tjing tērangkeun bari sakalian banding-banding, koemaha kaloenggoehan para boepati di djaman boehoen, sarta koemaha kahananana sanggeus aja pangaroeh Koelon.

Geusan kapěrloeun imah-imah atawa pikeun kapěrloeun hiroep sapopoë, oepamana bae tina hal *djoeal-beuli*, robahna pisan teh babakoena, sanggeus oerang Eropa ngalalakon di Indonesia. Apan



sarerea oge geus njaraho, jen dina prakna djoeal-beuli teh, koedoe make *doeit*, tēgēsna moal bisa meunang barang, lamoen taja doeit. Dina alam Islam oge geus ngamimitian ngagoenakeun doeit teh, tapi kalolobaanana harita mah masih keneh *oeroep-oeroepan*, tēgēsna toetoekeuran barang, oepamana lamoen hajang *tjaoe*, ditoekeuran koe barang sedjen, anoe dipikaboetoech koe noe boga *tjaoe* tea.

Dina alam oeroep-oeroepan, noe djadi toedjoean djëlēma teh nja eta, njadiakeun djeung njimpēn barang, boh *pakeeun* boh *dahareun*, tēgēsna geusan kapērloeana hiroepna. Anoe disēboet hiroep sēnang taja kakoerang teh, nja anoe teu koerang pakeeunana djeung teu koerang dahareunana tea, geuning aja pakēman basa anoe oenina kieu: *Raweuj beuweungeun, rambaj hakaneun (alaeun)* atawa keur meudjehna „*hedjo lembok*”.

Nilik tjontona pakēman basa anoe bieu, tetela jen anoe djadi poko di dieu teh babakoena *hasil boemi*.

Sanggeus atoeran djoeal-beuli make doeit ilahar di mana-mana, kaajaan di oerang djadi robah, tangtoengan djëlēma lain deui, noe djadi poko toedjoeanana nja eta oesaha neangan doeit, neangan kaoentoengan soepaja bisa njimpēn doeit, tjara pēta oerang Koelon, nēpi ka dibelaan koemaha bae akalna mah, sok moen boga doeit.

Djaba ti tjonto-tjontona anoe geus katjatoer tadi, loba deui pērkarana sedjen anoe robah koe pangaroeh Koelon teh, oepamana bae tina *hal raprapanana* make, hal *tata-titi* djeung salian ti eta.

Ajeuna oerang boeroe-boeroe nitenan *Basa* djeung *Kasoestranana*, koemaha pasipatanana, sanggeus kasosok koe pangaroeh Koelon.

Ti heula geus ditjaritakeun, jen Kasoesastran Soenda teh hēnteu anggēr kahananana, tapi robah-robah pasipatanana, lantaran kasosok koe pangaroeh deungeun, sadjamanna-sadjamanna. Kaajaan saroepe kitoe teh, di basa-basa deungeun oge nja meh saroea bae, sok kapangaroehan koe basa lian, boh basa tatangga, boh basa anoe moerba di nagarana. Lamoen koe oerang dipapaj,



ëngke bakal kanjahoan, jen moal aja basa anoe bërësih pisan, tęgëсна woengkoel tjëre priboemi, hënteu kasëlatan pangaroeh semah, da biasana mah, koedoe bae keuna koe pangaroeh basa lian teh. Eta pangaroeh-pangaroeh tea soemarambah dina basa katoet kasoesastranana.

Tah, moenggoeh basa Soenda oge, nja tjara noe geus ditjaritakeun bieu tea bae, hënteu bërësih tjëre Soenda woengkoel, lantaran geus kastosok koe pangaroeh basa lian, mapan geus diberendelkeun tjonto-tjontona di loehoer, nja eta geus keuna koe pangaroeh *Hindoe, Arab* djeung *Djawa*.

Lian ti pangaroeh-pangaroeh anoe ditataan bieu, aja deui pangaroeh basa *Koelon*, anoe lain loemajan soemarambahna dina Basa djeung *Kasoesastran Soenda*. Ti wangkid harita Kasoesastran toelis oge beuki nambahan, babakoena pisan sanggeus ngadëg *Bale Poestaka* dina taoen 1912. Pirang-pirang tjarita djeung dongeng-dongeng anoe ditjitak didjieun boekoe, nja kitoe deui tina hal elmoe-elmoe djeung pangawëroeh, anoe geus aja rengkolna dina boekoe atawa gëlar dina *Poestaka-mangsa*, anoe ngahadja dikaloeuarkeun, boh pikeun kapërloean pangadjaran di sakolasakola, atawa geusan batjaeun oerang rea.

Sanggeus Kasoesastran Soenda kastosok koe pangaroeh *Koelon* tea, pasipatanana djadi robah, tapi ari wangoenan sagëmlëngna mah, hënteu sabaraha gesehna.

Dina tjarita-tjarita anoe didangding winangoen wawatjan djeung anoe gëlar dina basa saladjoer, babakoena *manggala-sastrana* (pangangkat tjaritana) anoe ngabogaan wanda kakoe-lonkeun teh.

Wangoenan sagëmlëngna oge, nja aja bae anoe loenta tina padika heubeul mah, babakoena pisan tina hal ngabagi-bagina pasal, anoe kawëngkoe koe sagëmlëngna tjarita. Hal ieu geus katjatoer dina *Kasoesastran Soenda I*.

Ajeuna oerang nitenan roepa-roepa tjontona, noe dipalar sangkan atra kanjahoan pasipatanana, ebreh djënglenganana *Kasoesastran Soenda* dina djaman kabeh-dieunakeun, sanggeus Soenda kastosok koe paangaroeh *Koelon*.



## MANGGALASASTRA

anoe gĕlar dina dangding

## I.

Asmarandana.

Ieu tjarita digoerit,  
lalakon djalma ajeuna,  
hade eukeur baris tjonto,  
hĕnteu anggang noe ditingal,  
boekti ajeuna pisan,  
tjitjingna di dajeuh Garoet,  
imahna toekangeun pasar.

(Ali Moehtar, karangan Raden Hadji Moehammad Moesa, ditjitik di Djakarta taoen 1883).

## II.

Asmarandana

Sim koering mimiti noelis,  
noeliskeun ieu wawatjan,  
boelan Rajagoeng noe tangtos,  
tanggal opat noe kaetang,  
koering teh panganggoeran,  
tamba ngadjĕntoel koe bingoeng,  
landong sae kana manah.

(Bajawak, ditoelis koe aksara Arab).

Tjonto-tjonto manggalasastara anoe bieu, wangoenanana masih keneh noeroetkeun atoeran heubeul, tatjan robah koe pangaroeh kaajeunakeun.

Dina tjonto noe ka I, djol-djol ditĕrangkeun, jen eta tjarita teh didangding diwangoen tĕmbang, ari noe dilalakonkeunana djĕlĕma djaman ajeuna dj.s.t.

Dina tjonto noe ka II, pangarang nĕrangkeun titimangsana, iraha, tanggal sabaraha djeung boelan naon mimitina tret noelis sarta sakanlian ditĕrangkeun; jen noelis soteh tamba ngadjĕntoel teu poegoeh.



## MANGGALASASTRA

a n o e g ě l a r d i n a b a s a l a n t j a r a n

## I.

Aja sahidji nagara, ngaran nagara Jogjapala, kamas-  
hoerkeun nagara gěde sarta rame, tjek babasan rea  
kětan rea kěton, moerah sandang moerah pangan.

(Tjarios Soepěna, ditoelis koe aksara  
Soenda, karangan Mas Wangsa di Pra-  
dja Soemědang taoen 1851).

## II.

Djaman baheula aja hidji djělěma beunghar teu kin-  
těn-kintěn, di nagara Sam imah tanggana, ngaranna  
Seh Abdoerrahman.

Ari kabeungharanana meh mapakan radja-radja; boga  
imah gědong pagěr bata, pirang-pirang koeringna, boe-  
dak beunang meuli, soemawonna djělěma měrdika noe asal  
andon soeka tina kabeungharanana sarta kahadeanana.

(Tjarita Abdoerrahman djeung Abdoer-  
rahim, karangan Raden Hadji Moeha-  
mad Moesa, tjitakan taoen 1908).

## III.

M a o e t n j e r e k a t j o n g o n a,

Djoeragan Wadana Anoe kagoengan poeta paměgět  
hidji, djěněnganana Agan Abdoellah, teuing koe kasep,  
satingkah saparipolah teh loetjoe katjida. Iboe-ramana  
liwat saking asihna, kawas nanggeuj ěndog beubeu-  
reumna bae.

(Piwoelang ka noe tani, karangan  
D. Kd. Ardiwinata taoen 1907).



## IV.

## Si Djohanoes noe satia.

Aja hidji Radja gēde, pangpoendjoelna ti pada Ratoe, ngēreh sasama Boepati.

Katjarita Sang Radja katilar poepoes koe Prameswarina, titilarna poetra pamēgēt hidji, teuing koe kasep, lëndjang, ngalenggereng koneng, toer hade watēkna: Amis boedi, handap asor, teu ginding, teu tjirigih .....

(Warnasari salinan Raden Lenggang Kantjana taoen 1912).

Tjonto-tjonto manggalasastra anoe kapintonkeun bieu, wangoe-nanana tjara manggasastra anoe geus diberendelkeun ti heula, ngan ieu mah gēlar dina basa lantjaran.

Pokpokanana dina ngamimitianana tjarita, hēnteu loba reka-anana, tapi biasana tjoekoe koe:

*Aja hidji nagara ..... Aja hidji radja gēde .....  
Djaman baheula aja hidji djēlēma ..... Moen teu  
kitoe, tēroes disēboet ngaranna atawa pangkatna anoe  
rek dilalakonkeun, oepamana: „Djoeragan Wadana Anoe  
kagoengan poetra .....”.*

Manggalasastra dina dongeng-dongeng anoe aja dina boekoe-boekoe, oepamana dina *Pariboga*, pokpokanana mimitina teh biasana:

*„Djaman baheula aja hidji radja ..... dj.s.t.”  
„Djaman baheula aja hidji djēlēma ..... dj.s.t.”  
„Djaman baheula di nagara Anoe.  
aja hidji soedagar ..... dj.s.t.”*

Sēpoeh-sēpoeh di pilēmboeran, lamoen mangdongengkeun baroedak, pokpokonana dina ngamimitianana teh, biasana:

*„Djaman baheula aja hidji ..... dj.s.t.”*



Atoeh baroedak di sakola, dina mangsana didjoeroeng ngadongeng koe goeroena, pokpokanana dina ngamimitianana teh, meh salawasna:

„*Djaman baheula aja hidji ..... dj.s.t.*”, malah nepi ka aja noe kieu: „*Djaman baheula di hidji lēmboer, aja hidji djëlēma, tjitjing di hidji imah, deukeut hidji waloengan gēde ..... dj.s.t.*”

Tjonto-tjonto manggalasastra anoe wangoenanana noeroetkeun atoeran heubeul, sakieu oge tjoekoep. Ajeuna hajoe oerang nitenan *pangangkat tjarita*, anoe geus robah wandana, lantaran geus kasosok koe pangaroeh *Koelon*.

## MANGGALASASTRA

anoe gēlar dina dangding

### I.

Dangdanggoela.

Matak waas patjampoer djeung rēsmi,  
doemeh asri palataranana,  
goenoeng Windia katembong,  
loehoerna liwat langkoeng,  
poentjak kawas antēl ka langit,  
barodas ngēplak njatjas,  
kasapoet koe saldjoē,  
popontjlotna Himalaja,  
anoe djadi tapēl watēs nagri Hindi,  
nagara kongas lēga.

Dina lēbah soekoe goenoeng tadi,  
aja nagri kērtā toer rahardja,  
Nisada katēlahna teh,  
mashoer ka awoen-awoen,  
kakontjara wibawa moekti,  
moerah sandang djeung pangan,



koe pĕrbawa ratoe,  
 sabar adil palamarta,  
 pintĕr bantĕr pinandita wanda rĕsi,  
 tina gĕntoer tapana.

(Ekalaja Palastra anggitan M. A. Salmoen,  
 • Bale Poestaka 1938).

## II.

### D a n g d a n g g o e l a.

Poentjak goenoeng kabeh katingali,  
 ngalingkoengan padataran rata,  
 ngemploh hedjo kĕbon karet,  
 tĕmpat lindoek toer ioeh,  
 boet-bat djalan matak sarĕdih,  
 ti sisi liberia,  
 kĕmbangan keur oesoem,  
 soemĕbar angin-anginan,  
 haroem kĕmbang katĕbak koe angin lirik,  
 estoe matak baloeas.

Di bawahan Poerwakarta nagri,  
 tanah kontrak wastana Tjikoempaj,  
 kagoengan Kangdjĕng Goepĕrmen,  
 padamĕlna kasĕboet,  
 opsendĕrna bangsa priboemi,  
 estoe tĕrah Priangan,  
 asal ti Tjiandjoer,  
 harita katatamoean,  
 hidji istri anoe keur lalandong galih,  
 kapipoetra garwana.

(Wawatjan roesiah noe kasep, karangan  
 Njai Raden H. Hadidjah Tjiandjoer 1922).



## III.

## D a n g d a n g g o e l a.

Tjahja soerja soemirat di langit,  
 moeroeb moebjar ngahibaran alam,  
 sorotna hoeroeng montjorong,  
 pasir djeung goenoeng-goenoeng,  
 lir dilampat ěmas sinangling,  
 poentjakna matak serab,  
 bawaning koe ngĕmpoer,  
 tetendjoan tjararekas,  
 tatangkalan anoe gĕde anoe leutik,  
 katembongna balengras.

(Ekalaja, anggitan R. Memed Sastrahadiprawira,  
 Bale Poestaka).

## IV.

## K i n a n t i.

Goenoeng-goenoeng sĕmoe aloem,  
 pasir sĕmoe noe prihatin,  
 tĕgalan djeg kalĕlĕban,  
 tangkal kai ngangrĕs ati,  
 waloengan kagĕgĕringan,  
 Koeroesetra sĕpi djĕmpling.

(Pĕndawa Seda, anggitan R. Satjadibrata,  
 Bale Poestaka).

Tjonto-tjonto *manggalasastra* anoe diberendelkeun bieu, beda deui wandana djeung *pangangkat tjarita* noeroetkeun padika koena.

Dina tjonto *manggalasastra* noe ka I oepamana, pangarang hĕnteu djol-djol njaritakeun anoe djadi poko tjarita, tapi mintonkeun heula karĕsmian alam, bari sakalian djadi bahan anoe nimboelkeun tjiptaan, koemaha pasipatanana patĕmpatan djeung wĕwĕngkon, noe dimaksoed koe noe ngarang.

Dina pada noe kadoea, kakara disĕboetkeun ngaran nagarana djeung pasipatanana radjana, anoe baris dilalakonkeun.



Tjonto manggalasastra noe ka II, meh taja bedana djeung pangangkat tjarita noe ka I.

Tjonto manggalasastra noe ka III oge, ngandoeng kaendahan alam keneh, anoe timboel koe kasiatna sinar panonpoë anoe soemirat djeung soemorot ka sakoeriling boengking.

Dina tjonto manggalasastra anoe ka IV oge, noe katjatoer teh kaajaan alam, ngan beda deui pasipatanana djeung noe ti heula. Ieu mah ngawangoen *Rineka-Sastra*, tēgēsna barang-barang anoe teu hiroep (goenoeng-goenoeng, tatangkalan, waloengan djeung sabangsana, nja kitoe deui sasatoan) diibaratkeun djëlēma, dioepamakeun bisa ngomong bisa loemampah, ngarasa soeka doeka djeung nalangsa.

Katērangan manggalasastra anoe gēlar dina dangding, kawasna sakieu ge tjoekoe. Ajeuna oerang ngilikan djeung nitenan tjonto-tjontona pangangkat tjarita noe gēlar dina basa lantjaran. Maksoedna taja lian, sangkan bisa atra kanjahoan, koemaha wandana pangangkat tjarita dina basa saladjoer, sanggeus Kasoesastran Soenda keuna koe pangaroeh Koelon.

## MANGGALASASTRA

a n o e g ē l a r d i n a b a s a l a n t j a r a n

### I.

Malēm Sēnen tanggal 14 boelan Hapit 1291, di boemina toean Hadji Abdoel Raoep, di kampoeng Pasar, haneuteun pisan, teu tjara sasari, kawas aja pērkarā noe aneh. Tingkēban diboeka, lampoe kabeh diseungeut, mani tjaang marakbak; tēngah imah dikēpoet koe alkētip. Di dapoer djëlēma pasoeliwēr, sēmoe noe keur oeroes-oeroes popolah. Djëlēma noe ngaliwat loba anoe ngarandēg, bari ngomong di djēro atina: „Aja naon di boemi toean Hadji, bēt haneuteun teuing?”

Ari peuting harita teuing koe tjaang boelan, kawantoe tanggal 14, ngēbrak tjara ti beurang bae, langit bērēsih, bentang baranang, matak boengah ati noe keur birahi .....

(Baroeang ka noe ngarora, karangan D. Kd. Ardiwinata).



## II.

Rēboen-rēboen halimoen pasoesoen-soesoen ngarimboenan tātangkalan. Wawangoenan djeung kakajon siga disangsangan kasang, disampajan boëh rarang.

Raong hajam kongkorongok, sorana palambat-lambat. Sisi langit beulah wetan marabat pating aroedat-balebat. Retjet manoeek disarada: manoeek tjatjing, tjangkoerileung patembalan djeung saeran, ngabageakeun katineung: sarangenge noe moentjoel loehoereun goenoeng, tjahajana ngagēboer hoeroeng.

Halimoen anoe pasoesoen teh peuraj njingraj lalaoenan, njengled saperti lalangse, ngagoeloeng kawas reregan. Lēmboer anoe kapindingan, noe ngan tembong rēnggēnēkna, djadi atra katendjona: geus leungit aling-alingna.

Sanadjan geus kahalangan koe mangpirang-pirang djaman, ganti taoen ganti boelan, kaajaan boemi alam meh hēnteu aja robahna, kitoe deui hawa napsoena djëlēma teu aja pisan mēndingna.

Ti bihari nēpi ka alam kiwari hēnteu aja euih-euih, karēpna ngan hajang leuwih; dibelaan mētakeun katēlēngēsan, tega noenda kaadilan asal maksoedna tinēkan.

Teu ngingētkeun manoesa aja noe moerba; lain rēmpakkeun, lawaneun! Awal ahir wawalēs tangtoe toemiba, moal aja noe bisa manghalangankeun.

Tatapi sanadjan kitoe, djëlēma taja eureunna njoba-njoba ngarobah koelak-tjanggeumna. Ana hēnteu kadjadian: ngarasoela, teu narima kana takdir anoe ngawēngkoe dirina.

(Mantri Djēro I, karangan R. Memed Sastrahadiprawira, Bale Poestaka — 1928).

## III.

## D o n g e n g H i n d o e .

Di tatar daksina-raja toengtoeng djagat beulah kaler, ngadjēgir goenoeng agoeng njapoe langit, loehoerna taja noe nanding, poentjak ngahontal angkasa, kasapoet halimoen iboen; katembong ti kaanggangan ngadingding ngan tiba awas kana tēngahna,



bakating koe ngalanglaoeng, poentjakna mah hēnteu kahontal koe tingal. Dalah sinar srangenge oge teu kawasa soemirat ka lebah dinja. Sipating mahloek arang anoe wani ngambah ka lampingna oge, komo ari ka loehoerna pisan mah pimanaeun, da sakitoe loehoerna toer djeung harenghengna, inggis kasikoe koe pangawasana anoe ngageugeuh boeana, lantaran ngagadabah kana dadamēlan anoe dileuwihkeun ti noe lian; toerta taja pētana bisa, da koedoe nJORANG gawir loehoer anoe sakitoe nararawingna, pasēlang djeung leuweung ganggong anoe pinoeh koe kakajon, ēnggon sato hewan noe garalak di soekoena eta goenoeng .....

(Pantja Warna II A kenging ngawangoen M. Soeria di Radja tjitakan taoen 1932).

Tah anoe diberendelkeun bieu teh, tjonto-tjonto manggalasastra anoe gēlar dina basa lantjaran. Kitoe geuning wangoenanana teh, beda djeung padika kabeh-ditoekeun.

Dina tjonto noe ka I oepamana, noe dipēdar teh kaajaan di imah Hadji Abdoel Raoep, doemeh beda ti sasari, lāmpoe raang, djēlēma pirang-pirang, aja noe tjakah-tjikih, aja noe gadag-gidig, di dapoer oeprēs anoe popolah djeung satoeloejna, tjindēkna ngadak-ngadak djadi haneuteun, nēpi ka matak nimboelkeun kakaget sakoer noe ngaliwat, ditoengtoengan koe silih tanja djeung ba-toerna, aja naon, aja naon.

Ēngkena, sanggeus tamat pēdaran imah, pasang-pētana sakoer noe ngaliwat, kaajaan boelan peuting harita d.j.s.t., kakara nindak kana poko, noe djadi djoedoel dina lalakon.

Dina tjonto noe ka II, noe katjatoer dina manggalasastra teh, pēdaran kaajaan alam dina waktōe mēlētek sarangenge. Di dieu anoe djadi poko teh, gambar woedjoedna *panendjo* djeung *pangdenge*.

Kaajaan djaman anoe geus mangpirang-pirang taoen lawasna, koe pangarang dibanding-banding djeung hawa napsōe djēlēma anoe teu aja pisan ngoeranganana, nēpi ka sakapeung mah loenta tina papagon kaadilan bawaning koe hajang leuwih teh, dibelaan



ngadjalankeun kadoliman, sok moen maksoedna tinĕknanan. Hĕnteu ingĕt, jen moenggoehing *Noe Kawasa* tara nanggeuj ti bongkokna; ..... dj.s.t.

Sabadana, kakara nindak ka anoe djadi poko tjarita.

Tjonto manggalasastra anoe ka III, meh taja bedana djeung noe ka II, pada njaritakeun kaajaan alam, ngan di noe ka II mah hĕnteu kasĕlapan gambar woedjoedna pangdenge, tapi woengkoel woedjoedna panendjo.

Sanggeus tamat pĕdaran alam, nindakna nja kana ngaran tĕmpatna noe djadi pamĕlaran noe rek dilalakonkeun atawa tĕroes njĕboetkeun ngaranna atawa pangkatna, noe baris dilalakonkeun tea.

Lian ti noe geus ditatan bieu, aja deui anoe pĕrloe dititenan teh, nja eta pangangkat tjarita kaajeunakeun keneh, tapi beda djeung noe geus ditataan tadi; nja kitoe deui tina hal ngabagibagina tjarita dj.s.t.

Sarengsena mapaj katĕrangan-katĕrangan anoe bieu, kakara oerang bisa nindak kana *basana* katoet ka *oenak-anikna*.

Ajeuna oerang nitenan *manggalasastra* noeroetkeun padika kaajeunakeun, tapi wangoenanana teu saroea djeung pangangkat tjarita, anoe tjonto-tjontona geus diberendelkeun tadi.

## I.

B a d a m i s a m e m e h i n d i t.

„Ngadongeng-dongeng, mang’’, tjek koering ka ĕmang.

„Dongeng naon, Toen?’’ saor ĕmang. „Dongeng radja sakti, poetri geulis?’’

„Koemaha ĕmang wae, asal rame abdi mah.’’

„Heueuh dongeng naon atoeh noe rame? Ah, ĕntong dongeng rame ajeuna mah, oerang njaritakeun lalampahan ĕmang, nja. Teu rame tjara wawatjan, tapi ..... Dengekeun wae geura.

Ti memeh proeng samĕn, ĕmang badami djeung batoer sakĕlas noe lajeut, doeaan, Momo djeung Datje.



Badami ngalamoen. Lamoen samĕn meunang, rek njaba ka Nagara.”

„Bade angkat ka nagara mana?” tjek koering.

„Ka nagara panoetoe di sisi basisir Kidoel.”

„Wah, ĕmang mah, nagara naon sisi Laoet Kidoel,” omong koering.

„Jej, silaing mah diadjar elmoe teh teu poegoeh. Na teu njaho Pameungpeuk? Nagara loba djoerigna!”

„Euh, soemoehoen, kahartos ajeuna mah,” wangsoel koering.

„Tah heueuh, oerang toeloejkeun deui tjarita. Gantjangna samĕn geus beres, ĕmang djeung noe doeaan tea meunang, sarta nomĕr loehoer oge, hĕnteu djadi pangatjlek.” .....

(Noemboek di soee, karangan Moh. Ambri, Bale Poestaka 1932).

## II.

Koering ngaran Haen; barang ingĕt, kira oemoer 6 taoen, aja di kampoeng Tjiloebang, wĕwĕngkon tanah Priangan beulah kidoel; tjitjing di hidji patanen leuleutikan, bogaeun kĕbon kira-kira sabaoe. Noe dipĕlak di kĕbonna taja lian ti ĕnteh, sarta keur ditoengtoet dipĕlakan tjaoe djeung kalapa.

Pagawean koering noe biasa: isoek-isoek njiram pĕpĕlakan noe anjar dipĕlak, kabeurangnakeun ngored, matjoel atawa njieun lombang pikeun mĕlak tjaoe; .....

(Tjarita Boedak Jatim, karangan R. Hanapiah 1924)

Tjonto-tjonto *manggalasastra* anoe bieu oerang ilikan saroepa-roepana.

Dina tjonto noe ka I, pangangkat tjaritana teh didjadikeun koe pagoenĕman antara boedak djeung kolot, paman boedak. Sanggeus



pagoeněmanana rengse, kakara ěmangna boedak teh njaritakeun lalakonna, kitoe oge minděng roendag-randěgna, da njělang heula ngadjawab pananjaan boedak tea.

Dina tjonto manggalasastra noe ka II, dimimitianana teh koe kětjap *koering* (anoe djadi poko tjarita atawa noe dilalakonkeun), sarta těroes něrangkeun ngaranna, njěboetkeun těmpat tjitjingna keurna boedak, naon pagaweanana sapopoě djeung satoeloejna.

Dina boekoe-boekoe kaajeunakeun, boh kaloearan Bale Poestaka, boh kaloearan partikoelir, kalolobaanana wangoenan manggalasastrana noeroetkeun padika kaajeunakeun. Di dieu moal diberen-delkeun tjonto-tjontona sapoeratina, ěngke oge tanwande baris kanjarahuan koe sorangan, jen wangoenanana teh, nadjan sigana rada beda, tapi moal djaoeh tina tjonto noe ka I atawa noe ka II.

Ajeuna oerang něroeskeun hantja, nitenan:

H a l   n g a b a g i - b a g i n a   t j a r i t a .

Tjarita atawa dongeng, anoe gělar dina toelisan, biasa sok dibagi-bagi djadi sababaraha pasal. Dina tjarita Loetoeng Kasaroeng oepamana, geuning ti heula geus ditjaritakeun, jen dina panoe-toepanana pasal teh sok aja omongan, anoe oenina kieu:

Tjag:

*teundeun di handeuleum sieum,  
toenda di handjoeang siang,  
paranti njokot ninggalkeun.*

Omongan anoe tiloe djadjar bieu teh goenana geusan misahkeun pasal noe kahidji (noe ti heula) djeung pasal sapandeurieunana. Djaba ti eta, aja deui tjirina, anoe netelakeun ganti pasal teh, nja eta saban-saban pasal anjar sok dimimitian koe omongan-omongan:

*Ngoesik-ngoesik noe keur tjalik,  
ngobah-ngobah noe keur tapa,  
něda agoeng nja paraloen,  
něda pandjang pangampoera.*

Tjatoerkeun Soenan Amboe ..... dj.s.t.



Moen teu kitoe, dina ngamimitian pasal anjar teh, tjoekoe koe omongan:

TJATOERKEUN di manggoeng.

atawa:

TJATOERKEUN di boeana pantjatengah.

atawa:

TJATOERKEUN di nagara.

atawa:

TJATOERKEUN di goenoeng

djeung sabangsana.

Tah kitoe atoeran ngabagi-bagina pasal anoe kapanggih dina tjarita *Loetoeng Kasaroeng*.

Koemaha ari atoeran ngabagi-bagina pasal dina tjarita-tjarita (dongeng-dongeng) anoe sedjenna? Naha kitoe deuih?

Lamoen koe oerang dititenan ěnja-ěnja, ěngke baris kanjahoan, jen nadjan meh teu katjiri, ari babagian-babagian tjarita atawa pasal-pasal mah, aja deuih, ngan hěnteu nembres, moal bisa kapanggih koe sareret. Tapi lamoen tjaritana tea dibatja, tanwande baris kanjahoan sapsal-sapsalna teh.

Geura sakalieun tjontona, oepama bae: *Radja Tanpaingan*, salah sahidji dongeng noe aja dina *Pariboga*.

Pasal ka I: Ki Tanpaingan ngalalana ngadjadjah těmpat. Ieu pasal ditoetoepna koe omongan: „*Toenda Ki Tanpaingan.*”

Pasal ka II: Nangkoda djeung radja njaroesoel Ki Tanpaingan di Leuweung Sinapoel, lantaran Ki Tanpaingan meunang Widadari. Ieu pasal dimimitianana koe omongan: „*Kotjapkeun lampah nangkoda; ..... dj.s.t.*”, sarta ditoetoepna koe omongan: „*Toenda deui noe keur pesta.*”

Pasal ka III: Sanggeus Ki Tanpaingan djoeměněng radja. Omongan anoe djadi pangangkat tjarita dina pasal ka III, nja eta: „*Katjaritakeun indoeng bapana Ki Tanpaingan.*”



Toeh geuning aja babagian-babagian tjarita teh, ngan nja kitoe tea wae, henteu ebreh koe saliwat, kawatanoe dina oenggal-oenggal pasal tea henteu aja djoedoelna.

Koemaha ari tjarita-tjarita anoe gëlar dina wawatjan?

Eta oge dibagi djadi sababaraha pasal, ngan atoeran ngabagina djeung sipatna oenggal-oenggal pasal beda deui. Dina wawatjan, anoe netelakeun ganti pasal teh, *poepoeh*, oepamana: *poepoeh Sinom*, *poepoeh Asmarandana*, *poepoeh Dangdanggoela* dj.s.t. Ari eusina saban pasal, goemantoeng kana *poepoeh* anoe djadi djoedoelna dina oenggal pasal tea, da saban-saban *poepoeh* teh pada ngabogaan watëk sorangan, oepamana:

<i>Sinom</i>	paranti ngagambarkeun kagoembiraan.
<i>Asmarandana</i>	paranti ngagambarkeun kabirahian, noe keur silih asih.
<i>Dangdanggoela</i>	paranti ngagambarkeun mamanis atawa noe pohara boengahna.
<i>Doerma</i>	paranti ngagambarkeun noe pasea atawa noe keur përang.
<i>Maskoemambang</i>	paranti ngagambarkeun anoe keur prihatin katjida dj.s.t

(Ilikan Rasiah Tëmbang Soenda karangan R. Satjadibrata).

Sanadjan saban-saban *poepoeh* geus pada baroga watëk sorangan, larapna *poepoeh* teh sakapeung sok rada soelaja djeung soeroepan kabiasaanana, oepamana bae *poepoeh dangdanggoela* dipake djoedoel pasal, anoe eusina njaritakeun *kaprihatinan*.

#### *Tjontona:*

#### D a n g d a n g g o e l a :

Dangdanggoela dangding noe prihatin,  
ngërës ngënës ngarasa nalangsa,  
lësoe leuleus hate loengse,  
kataradjang pahatoe,



sanadjanna takdir Jang Widi,  
 něpi ka toetoelisan,  
 kalam di lohmahpoed,  
 tansah mikir kalahiran,  
 loemrahna teh dėmi pisah djeung noe asih,  
 noe kari njeungtjeurikan.

(Mitra noe tani XIII).

Biasana poepoeh *dangdanggoela* teh dipakena geusan ngagambarkeun *mamanis* atawa *kagoembiraan*, oepamana: *karėsmian alam*, *karamean pesta*, *biantara di noe rendengan* djeung sapapadana.

Ari: *kaprihatinan*, *kananglangsaan*, *katoegėnah* djeung *kapeurih hate* mah, ilaharna gėlarna dina poepoeh: *Maskoemambang*, *Gamboeh*, *Wirangrong* djeung salian ti eta, lain dina poepoeh *Dangdanggoela*.

Ajeuna oerang nitenan atoeranana ngabagi-bagina pasal noeroetkeun padika kaajeunakeun, sanggeus *Kasoestran Soenda* kasosok koe pangaroeh Koelon.

Oepama koe oerang dipapaj, tanwande bakal atra kanjahoan, jen tjarita-tjarita atawa dongeng-dongeng anoe gėlar dina basa sala-djoer teh, dibagi-bagi djadi sababaraha pasal, sarta saban-saban pasal aja djoedoelna, anoe netelakeun eusina eta pasal-pasal tea. Djadi noeroetkeun padika kaajeunakeun, dimana oerang moeka boekoe teh, djol-djol ebreh bae babagianana tjarita teh, da poegoeh ditjirian koe djoedoel-djoedoel tea. Geura ieu tjontona:

Boedak Timoe beunang masieup R. Satjadibrata.

- Pasal ka I : *Neangan gambareun.*  
 Pasal ka II : *Njoektjroek rasiah si Imoe.*  
 Pasal ka III : *Di imah toekang pintoe.*  
 Pasal ka IV : *Si Imoe alias Ati.*  
 Pasal ka V : *Pėrdjangdjan.*  
 Pasal ka VI : *Matak poetoes pangharėpan.*  
 Pasal ka VII : *Minggat.*  
 Pasal ka VIII : *Koemaha behna bae.*



- Pasal ka IX : *Ganti lalakon.*  
 Pasal ka X : *Teu njana pondok oemoerna.*  
 Pasal ka XI : *Piloeangeun.*  
 Pasal ka XII : *Teu boeroeng kanjahoan.*  
 Pasal ka XIII : *Kembang srangenge djeung panonpoë.*

Nilik berendelanana anoe bieu, tetela, jen tjarita *Boedak Timoe* teh dibagi djadi 13 pasal sarta ringkësna eusina saban-saban pasal nja sakoemaha anoe kaoengël dina berendelan djoedoelna saban bagian tea. Atoeran kiéu teh nimboelkeun tjiptaan ka noe maratja, geusan nganjahokeun wangwangan ringkësan tjarita.

Sakapeung dina saban pasal teh hënteu ditoelis djoedoelna, tjoe-koop koe nomër oenggal-oenggal pasal tea bae. „*Goda Rantjana, karangan M. A. Salmoen*” oepamana, didjadikeun koe pasal I nëpi ka pasal XI, tégësna eta tjarita teh ngawëngkoe 11 bagian. Koe lantaran dina saban pasal hënteu make djoedoel, anoe netelakeun ringkësan eusina saban-saban pasal tea, geus tangtoe pisan noe maratja teh moal bisa boeroe-boeroe njaho wangwangan eusina sa-gëmlëngna tjarita.

Sakapeung eusina tjarita teh sok katjatoer tingkësanana dina *pihatoer noe ngarang (dina boeboeka)*.

Dina boekoe-boekoe pangadjaran djeung pangawëroeh, anoe kaoengël dina *pihatoer* teh biasana: katërangan-katërangan anoe netelakeun maksoedna noe ngarang, atawa nërangkeun padikana, koemaha prakprakanana makena eta boekoe djeung salian ti eta. Tjindëkna roepa-roepa përkara anoe lain loemajan goenana pikeun noe maratja. Handjakal, doemeh kalolobaanana sok tara mërloekeun matja *pihatoer* noe ngarang.

.....

Dina sawareh tjarita, hënteu ebreh roentoejan angka-angka, anoe netelakeun *pasal sabaraha-sabarohana*, tapi tjoekoop koe *djoedoelna* sapsal-pasalna tea bae. Tjontona:

*Tjarita Boedak jatim* karangan R. Hanapiah:

Tjarita Haen barang mimiti.

Boelan Poesa.

Oesoem ngahoema.



Haen minggat ka indoengna.  
 Kalakoean Haen di lēmboerna.  
 Haen noetoerkeun doeloerna awewe.  
 Haen sakola.  
 Haen sanggeus kaloeur ti sakola.  
 Djalma aloes omong.  
 Papanggih djeung baraja.  
 Hadena bae sakola.  
 Mimiti tētēp.

.....  
 Tjarita anoe gēlar dina *basa lantjaran*, sakapeung sok direum-  
 beuj koe *dangding*, maksoedna:

- a. Djadi *pasieup* kana wangoenan sagēmlēngna tjarita.
- b. Djadi *pangantēb* sarta matak tambah *njatjas* kana *batinna* tja-  
 rita palēbah dinja, da apan lagoe teh ari saēnjana mah koedoe  
 loejoe djeung maksoed eusina noe djadi oedaganana.

*Tjontona:*

Samemeh prak ngarioeng, Hadji Oemar nangtoeng sarta ngo-  
 mong bēdas, pokna: „Koering kawakilan koe noe gadoeh hadjat,  
 samemeh taroeang njoehoenkeun rido manah bade matja heula  
 biantara, sarēng nēda panaksen reh bade ngadadarkeun piwēdjang  
 nawiskeun njaah ka poeta.”

Raong noe ngawalonan: „Nakseni!”

Geus kitoe toeloej Karmini, toekang tēmbang noe kasohor di  
 pasar, madjoe ka hareup bari mawa kērētās goegoeritanana, gek  
 dioek di hareupeun panganten, ngong tēmbang, lagoena:

D a n g d a n g g o e l a.

Nēda ma'ap ka sadaja wargi,  
 miwah sobat anoe sami lēnggah,  
 sinarēng nēda panaksen,  
 reh koering bangēt maksoed,  
 ka poen anak hajang mepeling,  
 di pajoeneun sadaja,  
 barkah noe kasoehoen,  
 rek nawiskeun kanjaahan,



ka poen anak anoe nẽmbe djatoekrami,  
tina seep nja doa.

Wantoe-wantoe njorokna ka wargi,  
ka pětjilna poen adi toer sobat,  
sobat dalit noe sahate,  
sakasoeka-kabingoeng,  
lir djeung doeloer noe pět koe hinis,  
ajeuna katalian,  
koe njorokeun soenoe,  
noe mawi seep nja doa,  
moegi-moegi aja barkah koelawargi,  
pandjang-poendjoeng djodona.

Aeh Oedjang Ama rek pepeling,  
tina bangět Ama Iboe mėlang,  
ka Oedjang sok sieun mėleng,  
koe Oedjang sing kamaphoem,  
jen Oedjang teh geus boga wadjib,  
nja eta pamadjikan,  
toer kadoa sěpoeh,  
djadi lain deui pisan,  
djeung keur Oedjang ngan saekoer ngoeroes diri,  
memeh taja kabeurat.

Koedoe mikir beurang reudjeung peuting,  
pikeun ngoeroes pamadjikan awak,  
oelah koerang dahar pake,  
prabot imah sing tjoekoep,  
sadjamakna noe laki-rabi,  
da moenggoeh pamadjikan,  
lamoen teu katjoekoep,  
loemrahna osok maroedah,  
tēmahna teh sok baroentak laki-rabi,  
oelah koerang ihtiar ..... dj.s.t

(Baroeng ka noe ngarora, karangan  
D. K. Ardiwinata).



Beh lëbakna tembong dina lamping,  
 ngarënggënek moal boa Ngamplang,  
 ka mana-mana kasohor,  
 tēmpat rēsmi toer linoek,  
 didjaroegdjoeg ti mana-mēndi,  
 koe noe ngadon titirah,  
 ngarah hawa goenoeng,  
 matak sēgër kana badan,  
 matak djagdjadg ka sakoer noe hoedang gëring,  
 noe matak kaseundeuhan.

Reret deui kana pasir-pasir,  
 lolobana pinoeh koe kontrakan,  
 noe bakoe kontrakan ěnteh,  
 kakajon tingroenggoenok,  
 roepa-roepa warnaning kai,  
 tjamara reudjeung mala,  
 djeungdjing reudjeung gintoeng,  
 pasēlang djeung kingkilaban,  
 tingharēlab daoenna katēbak angin,  
 siga noe ngagoepajan.

Tambah lila beuki kēlar ati,  
 beuki antēng njawang padataran,  
 kahibaran lajoeng koneng,  
 Tjimanoek tambah loetjoe,  
 oela-ileu teu pati sidik,  
 doemeh geus meh reupreupan,  
 liwat toenggang goenoeng,  
 halimoen ěnggeus mindingan,  
 ngahalangan noe keur pogot sono asih,  
 mēgatkeun kani'matan.

Barang geus harieum beungeut, bring sarerea ka pangandjrēkan.  
 Sanggeus ngobrol, brak sarerea dalahar. Teu lila antarana, geus  
 ngagodjod disarimboet, ambeh boerøe-boeroe sare, da rek hoedang  
 soeboeh-soeboeh.

(Soengkēman, beunang ngatoer R. I. Adiwidjaja)



.....  
 Ajeuna oerang nitenan basana, koemaha kahananana, sanggeus  
 Kasoesastran Soenda keuna koe pangaroeh Koelon.

### T j o n t o - t j o n t o n a :

#### I.

Hidji baboe keur ngoembahan piring, raheut koe  
 bëling sësëmplekan piring. Raheut leutik, estoe mokaha  
 pisan. Tapi heuleut sawatara djam, raheutna bareuh  
 sarta manehna ngarasa tingsariak teu ngeunah badan,  
 nirisan kawas moeriang. Beuki katjida njërina, nëpi  
 ka kapaksa koedoe titirah ka roemah sakit. Doea poë  
 antarana, aja bedjana maot. Tjek katërangan *doktor*  
 mah lantaran *infectie* (awakna kaasoepan djaram).

(Almënak Soenda taoen 1941).

#### II.

#### B a l k ě p o e k .

„Kalang *bal kĕpoek*” .....

Kalang hareup, kalang kĕpoek djeung kalang djang-  
 djang didjieunna koedoe koe tambang atawa kapoer,  
 komo kalang hareup djeung kalang kĕpoek mah pĕrloe  
 pisan, soepaja tetela.

*Balna* koedoe *bal kasti*, meunang oge *bal tenis*, tapi  
 ari keur kolot mah koedoe *bal kasti* bae.

Kai pangĕpoek roebakna 10 *cm*, pandjangna 30 *cm*  
 sarta panjĕkĕlanana pandjangna 20 *cm* ..... dj.s.t.

(Toedoech djalan pikeun pangadjaran ngobahkeun  
 badan di *sakola* handap).

#### III

#### T a w ě k a l .

„Rasa kaoela gĕde keneh pangharĕpan kana tjageur deui”, tjek  
*doktor* sanggeus ngalaha leungeunna Goena Paradja anoe potong



tea, *dipërban* djeung dioebaran: „tapi papada tjageur deui oge, moal bisaen deui barang gawe tjara biasa, mětakeun kampak atawa poengka-pangkoe anoe beurat-beurat”.

Sarminah tjeurik bari njoesoetan kesang tina tarang salakina, ari indoengna — nini Maksoedi — gawena ngan sasambat bae ka Noe Maha Kawasa, njoehoenkeun pitoeloengna, sangkan diraksa tina kasangsaraan anoe bakal kasorang.

Maksoedi sanggeus nitipkeun bapana ka indoengna, toeloej aboes ka *kamarna*; di dinja geus sadia *kopër* wadah papakean djeung *boekoe-boekoe* bawaeun ka *sakola* ..... dj.s.t.

(Manoek hibër koe djangdjangna — R. Ganda Adinëgara).

Kětjap-kětjap wědalan koelon, anoe gëlar dina basa lantjaran, sakieu oge sakalieun tjonto mah, tjoekoep, da poegoeh ari pëta tea mah, moen seug diköempulkeun kabeh, tanwande aja saboekoeëuna, tina koe loba-lobana.

*Papantjen*: Neangan deui tjontona kětjap-kětjap wědalan koelon, anoe geus dianggap djadi basa priboemi sarta geus ilahar dipake dina hiroep koemboeh sapopoë.

## A n o e g ë l a r d i n a d a n g d i n g .

### I.

.....

Sarëng moegi-moegi deui,  
dina sasih Sawal tea,  
*bënoeman* abdi teu geseh,  
djadi goeroe bantoe tea,  
kenging tēmpat noe ngeunah,  
noehoen-noehoen ge di Bandoeng,  
atanapi di Tjiparaj.

(Wawatjan noe kaleungitan tjaroge,  
karangan R. Bratakoesoema).



## II.

.....  
 Toetasna moedji ngabakti,  
 noehoen barkah leleberan,  
 reh bade ngarang tjarios,  
*měrtal* tina basa Djawa,  
 loemajan panganggoeran,  
 malahmandar djadi oentoeng,  
 oentoengna tambah ingėtan.

(Wawatjan Anglingdarma, disoendakeun  
 djeung didangding koe R. Sasrawidjaja).

## III.

.....  
 Ka patamon geus soemping tėras ka dapoer,  
 tjoeringhak *djongos* djeung *koki*,  
 ngarandjoeg djoeroe sasapoe,  
 boentjėlik nja toekang *ngistriik*,  
 olohok djoeroe kokosok.  
 .....

Radjapoetra noedjoe lėnggah dina *bangkoe*,  
 ningali *koki* ngalahir,  
 arek naon maneh maksoed,  
 njėmbah ngawangsoelan *koki*,  
 ka kėrsa Pangeran Anom.

(Wawatjan Poernama Alam karangan  
 R. Soeridirėdja).

## IV.

a. Dodol goela disoesoehoen,  
 ěngkang ge sieun pamali,  
*tablet* landong noe njėnjėpan,  
 sanes dek ngahina diri,  
 sorog beusi pamoekaan,  
 sae ěnden njandak saksi.  
 .....



b. Moesim hoedjan oesoem goentoer,  
 lah djagan abdi mah adjrih,  
 djalaran bibit kalapa,  
 isin koe djoeragan istri,  
 sok sieun di-soepir kahar,  
 koeriak bae *dioesir*.

.....

c. Teu beunang diopak kēmboeng,  
 diontong-ontong teh njai,  
 naha keukeuh bae maksa,  
 kapan ěngkang ge geus djangdji,  
*sirop* njĕgak noe ngaboedah,  
*lamoen* atjeukna geus balik.

d. *Sĕtasion* Djawa-Kidoel,  
 abdi roemaos teh teuing,  
 reregan saboedĕr imah,  
 sangsara abdi noeggĕlis,  
 bĕdog oerang Darमारadja,  
 kawantos waloerat miskin ..... dj.s.t.

.....

(Wawangsalan djeung Sisindiran,  
 Bale Poestaka).

Dina tjonto-tjonto anoe diberendĕlkeun tadi (anoe gĕlar dina dangding), aja kĕtjap-kĕtjap: *bĕnoeman*, *djongos*, *koki*, *ngistrik*, *bangkoe*, *tablet*, *soepir*, *sirop*, *sĕtatsioen*. Kĕtjap-kĕtjap noe ditataan bieu teh, kabeh oge geus ilahar dipake sapopoĕ sarta geus teu karasa semahna. Tapi ari kĕtjap **mĕrtal** mah — dina tjonto noe ka II — teu atjan dianggap djadi priboemi, teu atjan andjrah dipake koe sarerea di mana-mana, toeroeg-toeroeg apan aja kĕtjap Soendana, nja eta: **njalın**. Koe sabab eta, kĕtjap **mĕrtal** mah oelah waka dipidangkeun di medan.



Dina tjonto noe ka IV b, noe dimaksoed teh lain kětjap *dioesir* (da ieu mah lain kětjap wědalan koelon), tapi kětjap anoe disindirkeunana, nja eta **koesir**, da soepir kahar teh nja **koesir** tea. Djadi kětjap **koesir** anoe dimaksoed di dieu teh.

Nja kitoe deui kětjap *lamoen* dina tjonto c; noe dimaksoed teh kětjap noe disindirkeunana, nja eta kětjap: **limoen**, da **sirop** njégak anoe ngaboedah teh, sin-dirna: **limoen**.

Kětjap-kětjap wědalan koelon teh, pohara reana, soe-mawonna kětjap-kětjap anoe kapanggih dina boekoe-boekoe elmoe djeung pangawěroeh mah, saperti: *měsin*, *per*, *listrik*; *silinděr*, *prisma*, *piramideu*, *trapesioem*; *molokil*, *alkoehol*, *ponten*, *baskoel*, *termometěr* djeung loba-loba deui.

Dina bagian kadjěmbaran pangawěroeh, minděng pisan oerang koedoe ngagoenakeun kětjap deungeun, lantaran dina basa Soenda tatjan aja atawa tatjan kapanggih pikětjapeunana anoe keuna ěnja sarta měrěnah ninggang kana pihartieunana.

Koemaha ari *oengkara basana*, miloe oge kapangaroehan koe deungeun?

Samemeh ngadjawab *pananja* anoe bieu, hade oerang papaj bae lanan, oerang neangan heula tjonto-tjontona, ambeh bisa atra kanjahoan koe sarerea.

Geura ieu hajoe oerang titenan.

## I.

.....  
 a. Ari noe djadi babakoe Pa Oetoen boga *salowoek sawah* anoe moal pisan *didjoeal*. Děmi pěrnahna eta sawah, kira-kira lalakon saparapat djam ti lěmboerna. Lamoen kahasilanana njawah geus dika-leuitkeun sarta geus diitoeng, jen beubeunanganana teh tjoekoep, baris piběkěleun, manehna indit ka dajeuh, rek barangbeuli. Sanggeusna balandja, *toeloej balik djeung soeka boengah*.  
 .....



b. Toeloej Oetoen ditoempakkeun kana tonggong moending, eta sato teh *dingaranan koe sakoer noe laloetjoe bae.*

.....

c. Saoer ěmang: „Aja balon rek dipasang; lamoen oerang indit isoek keneh ka tĕgal, tangtoe bisa awas pisan.”

*Nja koengsi kadjadian.*

Isoek-isoek poekoel 7, bapa djeung paman geus ngaradĕg dina deukeut tambang, noe dipake ngĕkĕntĕngan sakoeriling eta tĕgal.

.....

d. Sanggeus sadjam bapa ningalina, eta balon geus mĕlĕndoeng ěnjaan; ajeuna geus *leuwih manan imah.*

Eta balon *ditjangtjang koe doea tali* noe tohaga; sahandapeunana aja karandjang gĕde ngagantoeng.

Barang geus sadia, aja *opat toean* anoe toempak dina karandjang.

.....

(Panggĕlar Boedi IA)

K a t ě r a n g a n: Dina tjonto *a* tadi, aja omongan: „.....  
*Pa Oetoen boga saloewoek sawah, anoe moal pisan didjoeal*”.

Omongan anoe bieu, oengkarana lain oengkara Soenda, entep seureuhna kĕtjap hĕnteu saloejoe djeung rasa Soenda. Lamoen noeroetkeun oengkara Soenda, meureun kieu pipokeunana teh:

„*Pa Oetoen boga sawah saloewoek, koe adjamanana sawahna teh saemoer-hiroepna moal didjoeal*”.

atawa:

„*Pa Oetoen teh boga sawah saloewoek; manehna samasakali teu boga adjaman arek ngadjoeal sawahna*”.



Tah, kitoe biasana, pokpokanana teh.

Němpatkeun kětjap-kětjap anoe noedoehkeun bilangan atawa oekoeran, tara *saheulaeun* kětjap-barangna, tapi *sapandeurieunana*. Geura ieu sakalieun tjontona:

1. Ma Minah datangna moenggah angkariboeng, mawa doekoeh *saboboko*, tjaoe bagdja *doea sikat*, ramboetan *sapoeloeh beungkeut*, daoen tjaoe *lima kompet* djeung seureuh mani *sababaraha tjandik*.
2. Pa Alhawi teh hidji djoeroe tani anoe kawěntar djoegala, *kěbonna sababaraha loewoek*, sawahna *poeloehan baee*, pamagěrsarina *pirang-pirang*, moendingna *sababaraha rakit*, ěmbena *rajab*, hajamna *moenggah ngagěrěběg*.
3. Geura ka pasar Oeti, meuli: saboen *sapoeloeh leundjeur*, goela *tiloe bondjor*, oejah *sagandoe*, djahe *sarempang* djeung meuli kalapa deuih *sahoeloe* ..... dj.s.t.

P a p a n t j e n : Tjing neangan deui tjonto-tjontona anoe sedjen, anoe ilahar dipake sapopoě.

Dina tjonto a keneh aja omongan kieu:

„Sanggeusna balandja, toeloej balik djeung soeka boengah”.

Bagian omongan noe kadoea, nja eta: „toeloej balik djeung soeka boengah,” lain oengkara Soenda, tapi oengkara pangaroeh Koelon. Di dieu babakoena *larapna* kětjap „djeung” anoe teu měrěnah teh, da kieu m'eureun pipantěseunana mah:

„Sanggeus balanjja, toeloej balik djeung batoerna,” oepamana.

Ari omongan anoe tadi, lamoen koedoe diwangoenkeun noeroetkeun rasa Soenda, kieu pipokeunana:

„Sanggeus balandja, toeloej balik, paromanana marahmaj tandaning noe soeka boengah.”



Nadjan omonganana djadi rada leuwih pandjang, tapi oengkarana oengkara Soenda, toer mērēnah dina rasa Soenda.

Dina tjonto *b* aja omongan: „..... eta sato teh *dingaranan koe sakoer noe laloetjoe*”.

Ieu oge lain kēdal rasa tjēre Soenda, tapi geus keuna koe pangaroeh deungeun.

Tjing koemaha kira-kirana pipokeunana lamoen omongan anoe bieu teh diwangoenkeunana noeroetkeun *oengkara djeung rasa Soenda?*

Ari dina tjonto *c* aja omongan:

„*Nja koengsi kadjadian.*”

Ieu omongan salinan satjerewelena tina basa Koelon. Di Soenda tara kitoe, kadjaba lamoen aja kadjadian anoe loear biasa. Sangkan hēnteu nimboelkeun tjiptaan anoe lain-lain, leuwih hade omongan „*Nja koengsi kadjadian*” dina tjarita anoe tadi teh, dileungitkeun bae.

P a p a n t j e n: Omongan-omongan dina tjonto *d*, nja *eta: geus leuwih manan imah, ditjangtjang koe doea tali, opat toean*, koedoe dirobah noeroetkeun *oengkara djeung rasa Soenda.*

## II.

Ajeuna oerang nitenan tjonto-tjontona noe sedjen:

1. *Oge manehna hēnteu ngartieun kana maksoed doenoenganana.*
2. *Barang datang ka kēbon, manehna nendjo naon di dinja?*
3. „*Iraha maneh rek balik?*” *tanja* indoengna.
4. *Sanggeus doea djam lilana alasroek-asroekanana di leuweung, noe kasaroeng teh daratang ka sisi waloengan, di mana maranehna marandi.*
5. *Maneh koedoe ngadjaga, soepaja maneh bisa meunang loba bati.*
6. *Deui maneh teh djëlēma rahong.*



7. *Tina beurang djadi boerit, tina boerit djadi peuting koe manehna teu karasa, djongdjong ngedeng, teu hajang dahar teu hajang nginoem, sakitoe ti isoe keneh tatjan kararaban nanaon.*
8. + „Koe naon atoe?”  
 — „Lah doeka, sēsah njarioskeunana.”  
 + „*Djadi aja naon-naon?*”  
 — „Doeka Agan, da moal kahartos meureun, nadjan ditjarioskeun oge” dj.s.t.

**K a t ě r a n g a n :** Omongan-omongan anoe diberendelkeun bieu teh, kabeh kaantjikan pangaroeh Koelon.

Oerang Soenda anoe ngoekoehan *oengkara* djeung *rasa* Soenda, tēgēsna anoe hēnteu kagembang, koe pangaroeh deungeun, moal kitoe pokpokanana, tapi meureun kieu ngawangoenkeunana omongan-omongan teh:

1. Manehna *oge* hēnteu ngartieun kana maksoed doenoenganana teh.

2. Barang datang ka *kēbon*, *manehna kaget noe aja, nendjo doeloerna ngadjapapang di noe bala.*

3. *Indoengna nanja:* „Iraha maneh rek balik?”

atawa:

*Koe indoengna ditanja:* „Iraha maneh rek balik?”

atawa:

„Iraha maneh rek balik?” *tjeuk* indoengna.

4. Sanggeus doea djam lilana alasroek-asroekan di leuweung, noe kasaroeng teh daratang ka sisi waloengan; *di dinja maranehna broes marandi.*

5. Maneh koedoe *oesaha* (*mētakeun akal tarekah*), soepaja bisa meunang bati loba.



6. *Djaba ti eta*, manehna teh djëlëma rahong dewih.
7. *Ti harita nëpi ka peuting*, sakitoe lilana teh, koe manehna teu karasa, djongdjon ngëdëng, ..... dj.s.t.
8. + „Koe naon atoech?”  
 — „Lah doeka, sësah njarioskeunana”  
 + „Ah pirakoe”, atawa  
 „Ah, sageuj” atawa  
 „Ah, soesah koemaha.”  
 — „Doeka Agan, da moal kahartos meureun, nadjan ditjarioskeun oge” dj.s.t.

P a p a n t j e n : Neangan deui tjonto-tjontona omongan anoe sedjen, noe kaantjikan *oengkara* djeung *rasa* deungeun (*pangaroeh Koelon*).

Pangaroeh Malajoe oge dina Kasoesastran Soenda teh hënteu soewoeng, lantaran bangsa Soenda geus ti baheula dina hiroep koemboeh sapopoë mindëng sagoeloeng-sagalang djeung oerang Malajoe. Dina nitenanana pangaroehna, oerang koedoe waspada, sangkan oelah salah ngahoekoemanana, ma'loem loba këtjap-këtjap anoe sarimbag, kawatanoe asal *sahoeloe-wotan* tea.

*Kajoe, api, pakan, tabe* dj.s.t. oepamana, apan lain pangaroeh Malajoe, tapi ieu mah këtjap-këtjap pangwaris karoehoen, asal tina *Djawa koena* (Soenda baheula).

(*Ilikan Beuti Pamëlaran Basa Soenda* dina boekoe *Parama Sastra Soenda*).

Tjontona pangaroeh Malajoe:

1. Dina waktoe *bërënti*, moerid-moerid aroelin di pakarangan sakola.
2. Peuting tadi, kira-kira djam *satoe*, kadenge aja noe këdëprak-këdëproek di boeroean.
3. Meureun bae atoech da maneh mah hënteu pisan daek *mërhatikeun* omongan kolot.



4. Montok-hěnteuna pėpėlakan, *tėrgantoeng* kana tanahna.
5. Mėlakkeunana koedoe di noe *soeboer* djėroek teh, ambeh hěnteu mereketetet.
6. Kilangbara boga tėmpat *tidoer* beusi teh, atoeh kai-kai.
7. Saha noe tatjan nendjo *er* perak?  
Kawasna ari djamboe *aer* djeung saladah *aer* mah sarerea oge geus ngadalahar.
8. Sakoer anoe meunang samėnna, baris *di-oemoemkeun* tanggal 28 boelan Agoestoes 1943.
9. Manehna oge harita teh miloe samėn, ngan hěnteu *loeloes*.
10. Timbangan koering, masing indit ajeuna oge, hěnteu *bėrgoena* ari kitoe mah.  
..... dj.s.t.

**Katėrangan:** Kėtjap-kėtjap: *bėrėnti*, *satoe*, *tidoer*, *er* (*aer*), nadjan lain tjėre Soenda, tapi geus dianggap djadi basa priboemi, geus teu karasa semahna. Ari kėtjap-kėtjap: *mėrhatikeun*, *tėrgantoeng*, *soeboer*, *dioemoemkeun*, *loeloes* djeung *bėrgoena* mah, gėlarna teh pandeuri, dipakena biasana di kota-kota koe sakoer anoe hěnteu *gėten* djeung *titen* kana basa Soenda.

**Papantjen:** Neangan deui tjonto-tjontona pangaroeh Malajoe, boh anoe kapanggih dina Poestaka-mangsa, boh anoe gėlarn dina *Taman Poestaka* atawa anoe biasa kadenge dina hiroep koemboeh sapopoė. Dina ngaberendelkeun tjonto-tjontona tea, koedoe dipasing-pasing:

- a. Kėtjap-kėtjap Malajoe anoe geus nėrkab ka soeklakna ka sikloekna, sarta geus ilahar dipake sapopoė koe oerang rea, nėpi ka geus teu karasa semahna.



- b. Kětjap-kětjap Malajoe, anoe tatjan diangkën djadi basa priboemi, nēpi ka lamoen dipaksa dipake, karasana djanggal, hēnteu ninggang dina rasa Soenda.

.....

Ajeuna oerang nitenan deui pasipatanana Kasoesastran Soenda, sangkan bisa naloengtik robahan-robahan anoe geus katjatoer di loehoer, sanggeus bangsa Soenda keuna koe pangaroeh Koelon tea. Sakalieun tjontona oepamana:

S i n o m.

Praboe Anom keur miwēdjang,  
 kakang Patih Gilingwēsi,  
 masing njaah ka noe dagang,  
 masing asih ka noe tani,  
 lantaran dajeh moekti,  
 dagang djeung tani rahajoe,  
 hēnteu rea palangan,  
 noe matak hēnteu ngadjadi,  
 rea-rea halangan lantaran menak.

Tina rea teuing bea,  
 soemawon tambah didjēpit,  
 moen radja koerang pariksa,  
 dagang tani moal moekti,  
 kalampah noe geus boekti,  
 rea noe ngadjoeal ratoe,  
 ponggawa noe di handap,  
 nambahan komara goesti,  
 poendoet-pēndēt sadoeit djadi saoeang.

Hēnteu kērēta nagara,  
 rea rampog rea paling,  
 koerang kēntjēng ngadjagana,  
 eta djadi matak deui,



halangan ka noe tani,  
 ka noe dagang pon nja kitoe,  
 kawěntar ka tatangga,  
 jen di dinja rea paling,  
 hěnteu aja noe datang dagang ka dinja.

Djadi tiiseun dajehna,  
 taja djalma mawa ridjki,  
 noe matak moenggoeh di radja,  
 wadjib toelaten ka abdi,  
 kabeh koedoe kaloris,  
 soeka doekana koe ratoe,  
 lěmboerna koedoe tata,  
 pakajana kitoe deui,  
 sawah-sawah djeung pěpėlakan noe lian.

Djamboe kawoeng djeung kalapa,  
 doekoeh manggoe djeung katjapi,  
 sarta sadjaba ti dinja,  
 naon anoe aja hasil,  
 soepaja anoe leutik,  
 saban taoen tambah oentoeng,  
 reudjeung ingon-ingonan,  
 domba ěmbe sapi moending,  
 sarta koeda koedoe digědekeun pisan.

.....

Reudjeung deui poma kakang,  
 njeun djalan wara-wiri,  
 noe těroes ka dajeh lian,  
 eukeur djalma wara-wiri,  
 silih kiriman ridjki,  
 sarta djaga oelah roesoeh,  
 paling rampog djeung begal,  
 soepaja santosa abdi,  
 oelah aja haroengan noe dadagangan.



Lamoen djalan rea begal,  
 rea rampog rea paling,  
 sasat hěnteu aja djalan,  
 noe ngaliwat hěnteu wani,  
 djeung oenggal-oenggal tjai,  
 njieun sasak anoe patoet,  
 lamoen lěga wahangan,  
 eretan atawa rakit,  
 soepajana teu soesah noe lalar-liwat,

..... dj.s.t.

(Wawatjan Pandji Woeloeng, karangan  
 Raden Hadji Moehamad Moesa).

Dangding anoe bieu teh, piwoelang Radja Dewakoesoemah ka Patih Gilingwěsi, anoe anjar diistrenan diangkat djadi Radja di nagara Gilingwěsi. Piwědjang anoe bieu, moen koe oerang diti-tenan, bakal atra kanjahoan, jen eusina teh patali djeung paparentahan nagara. Noe djadi radja koedoe toweksa ka abdina, pagawe nagara oelah ngadjěpit noe leutik. Nja kitoe deui hal kapoelisian, anoe djadi sarat geusan katěngtrěman nagara. Djaba ti eta hal paoesahaan, boh dagang, boh tani, koemaha akal tarekahna, sangkan dina ěnggoning ngadjalankeun paoesahanana tea, taja halangan-haroeganana. Sangkan abdi-abdi bisa wara-wiri ka ditoe ka dieu, pěrloe aja djalan sarta koedoe didjaga kaamananana, ambek noe loemakoe rahajoe.

Tah ieu teh robahan kaajaan nagara noeroetkeun rasa djeung tjiptaan pangarang, sanggeus Pasoendan kasosok koe pangaroeh Koelon, da kaajaan baheula mah apan lain kitoe. Geura anoe tetela bae oepamana *djalan*, geusan wara-wiri. Djalan gěde ngaboeloengboeng, anoe něpoengkeun nagara-nagara atawa dajeuhdajeu, tatjan aja alam ĩharita mah. Soemawonna toetoempakan mah, sapěrti: kareta api, mobil djeung sabangsana, djadjaoeheun keneh nakěr. Noe rek loemakoe djaoeh, koedoe neangan djalan sorangan, sangkan bisa něpi ka noe disědja.



Geura ieu sakalieun tjontona:

S i n o m.

.....

Raden lastari angkatna,  
doea panakawan ngiring,  
ěnggeus kaloeur ti kota,  
manahna sědih prihatin,  
ear kerak djeung geuri,  
tikoekoer reudjeung děděroek,  
tjangehgar patembalan,  
sěmoe noe miloe prihatin,  
kawas anoe mileuleujankeun noe angkat.

Raden angkat rereongan,  
mapaj těgal njoekang pasir,  
Ki Djanggali Ki Djanggala,  
tiloean pairing-iring,  
sato kasorang njingkir,  
toeroen goenoeng oenggah goenoeng,  
poen Djanggali Djanggala,  
hatoeran ka Raden Pandji,  
koering tjape mangga oerang sindang heula.

Handapeun ieu kiara,  
sěmoena tariis teuing,  
sakědap ngeureunan palaj,  
ladjěng sindang Raden Pandji,  
njarande kana kai,  
waktoena sariak lajoeng,  
těrang hade sorena,  
toeloej aja meong bidjil,  
keur anakan bidjil ti dapoeran mandjah.

.....



## K i n a n t i.

Ladjoe lampah Pandjiwoeloeng,  
 diiring koe Djajapati,  
 Ki Djanggali Ki Djanggala,  
 djeung batoerna Djajapati,  
 ngaran Ki Këbomanggala,  
 kalima Këborarangin.

Toeroen goenoeng oenggah goenoeng,  
 njorang lëbak njoekang pasir,  
 ngaliwat kana boeboelak,  
 sampalan badak djeung sapi,  
 djaoeh tjoendoek anggang datang,  
 soemping damping ka basisir.

Raden ngantosan parahoe,  
 tjalikna dina kikisik,  
 disasarap dangdaoenan,  
 daoen bakoeng djeung badori,  
 tamba kësël sasaoeran,  
 njarioskeun adjar tadi.

.....  
 (Wawatjan Pandji Woeloeng, karangan Raden Hadji  
 Moehamad Moesa, tjitakan taoen 1922).

Toeh apan kitoe geuning oengëlna njaritakeun anoe loemakoe  
 djaoeh teh.

Hidji satria anoe loegaj ti nagarana, diiring koe panakawan  
 doean, maksoedna rek ngalalana, ngadjadjah nagara lian, hënteu  
 katjatoer njorang djalan gëde, hënteu nitihan kareta atawa toe-  
 toempakan lian ti eta, tapi angkat njatat, njorang tégah djeung  
 sampalan, njorang lëbak djeung boeboelak, njorang leuweung  
 mpir pasir, toeroen goenoeng oenggah goenoeng. Sadjadjalan teu  
 katjatoer goek-gok djeung djëlëma, da poegoeh leuleuweungan tea  
 ari pëta tea mah. Sakalieun ngaso ngareureuhkeun palaj, tjoekoep  
 koe ngioehan handapeun tangkal kiara, kitoe oge kaganggoe koe  
 sato galak ..... dj.s.t.



PERPUSTAKA

89